

Filtè Yon Nonm Ki Reflechi

65-0822E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Mèsi, Frè Mann. M wè ou mennen on frè. Ke Bondye beni w. "Tout bagay posib, kwè sèlman." Annou priye.

O Bondye, se vrèman sa kè nou dezire aswè a, pou kwè sèlman. Alò ke nou rasanble isit la aswè a nan tabènak la, pandan ke solèy la ap kouche a lwès, nou priye, Bondye byenneme, ke Ou fè nou reyalize a ki pwèn li pre, ke solèy la ap kouche tou sou tan an; li prèske fini. Jou a prèske fini. E nou sonje on fwa, lè jou a te prèske fini, de vwayajè te ofri W antre e rete avè yo. E apre, Ou montre yo kiyès Ou ye, lè Ou eksplike yo Pawòl Ou, e Ou montre yo ke Kris te dwe souffri tout bagay sa yo an premye.

2 Alò nou priye, Bondye, kòm jou a prèske fini, ke Ou pral rantre lakay nou epi viv avè nou, epi eksplike nou Pawòl la, Seyè, ke nou kenbe fò kòm on trezò ki vin de Ou, kòm on kado nan kè nou. Se pou nou pa janm depase Li; se pou nou toujou respekte Li ak tout kè nou.

3 Nou remèsye W pou sa Ou fè pou moun yo ki te lopital maten an, epi pou sa Ou fè pou ti gason Frè Capps lan ki te lonje, prèske mouri, e kounye a men li nan odyans lan aswè a. Jan nou remèsye W, Papa, pou tout bagay sa yo!

4 Akòne nou, Seyè, pou nou konnen kijan pou nou ba W lwanj. Nou vrèman... Sa depase konpreyansyon nou, pou nou konnen kijan pou nou ba W lwanj. Men, Seyè, resevwa kè nou kòm siy remèsiman, ke nou renmen W. E lè nou-nou vle fè sa ki jis, montre nou kisa pou fè. Nou mande I nan Non Jezi. Amèn.

Nou mèt chita.

5 Bonswa pou gwo legliz sa a ki plen aswè a epi atravè peyi a nan telefòn yo. Yo di ke yo branche ankò aswè a.

M espere ke madanm mwen ap tande. M pat jwenn rele li, alò m pral rele l apre sèvis la.

6 E nou gon nòt isit la ke maten an frè Frè Jackson...oswa papa a te nan on eta trè grav, men li tèlman amelyore, ke li ta ka rantre lakay li demen.

7 Ti gason Frè Capps la, ke li te rele m lòt swa a, m pa konnen si Frè Capps nan odyans la ou non, men, ti gason l te trè malad.

Sa rive ke Jozèf avè m nou te nan klib pou tire a, ap pare ti karabin 22 mwen. M te pale nou de sa semèn pase a. E lap vrèman konn tire. E donk li te vle si epi rakonte Gary ak Larry sa l te fè. Epi li di m, pandan nap tounen... Mwen di: "Ou ta dwe kanpe epi...epi pale de sa avèk Frè Gene Norman."

Li di: "Annou kanpe epi rakonte Billy an premye," frè li.

Aprè ke li montre li bon kou ke li te fè yo, li di: "Kounye a kite m trankil." Wè?

8 E jis lè nou rive la a, eben, telefòn lan sonnen, e Billy kouri rantre pou mande... Mwen di: "Se petèt on apèl pou on malad la a." Nou te fèk rive, e se te Frè Capps. Ti gason an te gon peritonit, e on ti chans pou viv. E Seyè a geri l. E lòt nwit lan, yo dim lap souffri avèk on jan de doulè, se sa Madan Wood tap dim. E nou te pati an vitès, e mwen senpleman... Mwen di: "Madan Wood, li tèlman ta, dizè, m doute ke yo pral kite m antre nan lopital la." Mwen di: "Map monte lakay e map jis fèmen pòt la." Mwen monte e mwen priye. E yo di ke ti gason an nan odyans lan aswè a. Alò nou trè rekonesan pou sa. Nou rekonesan.

9 Kounye a nap tann; nou poko tandè. Si Frè Leo ak Sè Mercierap tandè nou, nou poko tandè nouvèl papa nou. Nou espere gen nouvèl byento, pou konnen kijan l ye. Men mwen prèske si ke lap byen, alò nou fè Bondye Tou Pwisan konfyans, pou L pran swen de byenneme granmoun sen sa a, on ansyen minis veteran Evanjlil la.

10 Kounye a, oh, gen anpil bagay ki bezwen fèt, e on ti tan pou fè l, alò annou mete tout efò nou kounye a nan sa nou ka fè pou Seyè nou an.

11 M desann on ti kal pi bonè. E m-m pat santi m anfòm. M te fatige, jis vrèman fatige, e m kouche apremidi a. Pa janm... M poko menm manje dine mwen. Alò m-m antre, m jis lonje tout apremidi a. M te santi m mal, alò m lonje. Epi mwen kòmanse priye, e m te santi pi byen. M leve, m mete rad mwen, e m vin legliz.

12 Alò nou-nou fè Seyè Jezi konfyans pou Li beni efò nou ansanm aswè a, alò ke atravè nasyon an nap eseye rantre nan pati Kò Kris sa a, piske L te ban m dwa pou nourri mouton L yo. E map fè tout sa m kapab, nan bay mouton yo Manje a ke m konnen ki bon pou yo.

E map tann avèk enpasyans lè a kote nap ka rasanble nou tout nan on grèn kote epi preche sou Sèt Fleo sa yo, epi Sèt Koup yo, epi Tonè yo, e elatriye. Yo tout rive an menm tan. Se rezon sa a kifè ke sa pral pran nou anviwon on semèn, di jou ou plis, pou wè tout sa nan on sèl reyinyon, si nou kapab. M panse ke sa ap sifi ase.

13 Kounye a, anpil nan nou vwayaje lwen. Map gade bò isit la, e m fèk remake, on moman, moun Tucson yo. Madan Sothmann, m wè ke Frè Fred byen rive. M wè l nan odyans lan maten an. E la a, m panse ke se Frè Don Ruddell ki tou pre li dèyè a, aswè a. M kontan wè Frè Don isi a. E Junior, èske Junior la a, oubyen èske li nan legliz li? M panse ke yo konekte avè nou pa telefòn nan legliz yo a, aswè a.

Alò, nou tout frè, nou trè kontan ke nou isit la avè nou aswè a, e nou gen konfyans nan Seyè a ke on jou nou, lè jou lavi sa a pral fini, e ke ti limyè lavi mòtèl nou pral kòmanse fennen e ke l pral etenn, nou pap pè okenn mal, paske pou travèse...

14 M fèk resevwa on rapò, pou nou menm ki nan Arizona, nan Prescott. Frè Coggins kite lopital la. Alò nou trè rekonesan pou sa. Byen. Se byen. Alò nou trè rekonesan pou sa. Sè Mercier, papa w ale pi byen kounye a. M te jis santi, apre priyè nou, ke li tap anfòm. Alò petèt ke yap koute, m espere sa, e m panse sa. Alò nou trè rekonesan pou sa, ke frè nou trè byen kounye a, e ke tout bagay pral anfòm. Alò nou remèsye Seyè a pou tout bagay sa yo.

15 M te gen on demann yè swa; on frè byenneme isit la, m panse ke li ka pa la a, avè nou jodi a. On Frè ki sot Kentucky, ki rele m apwopo de pitit fi li. On bèl fanmi, e pitit fi a pral opere, on jèn manman avèk on kansè nan do. Alò nou-nou priye pou ke Bondye delivre jèn dam sa a. M kwè ke Lap fè l, si sèlman nou...

Kongregasyon an, nou tout ansanm, annou ini epi priye pou moun sa yo, nou tout ansanm. Se sa nou dwe fè, kòm on inite. Pandan ke...

16 E kòm jou yo ap vin de plis an pli pre, e ke chemen an ap vin pi etwat, nou vle rapwoche youn de lòt. Oh, nou dwe fè youn, on sèl kò. Nou dwe avanse ansanm, bliye peche youn lòt ak diferans nou yo, e jis rete soude de plis an pli, paske nou wè Jou sa a kap apwoche. Rasanble tèt nou ansanm, tout avèk on menm akò epi on menm kè. E si on frè, on sè soti nan chemen, de kèk fason, pa fè anyen lòt ke priye pou moun sa, nan lanmou, toujou konsidere youn lòt. Pa-pa janm kite youn nan nou ale. Rete ansanm. Epi, si ou kapab, toujou ajoute plis, tout tan.

17 Frè Neville, m resevwa demann ou konsènan Frè Wright, Frè Wright ki isit la a. Nou kontan ke Frè Wright ak Sè Wright, isi a... Ti Edith, mwen... On jou lè nap vini, nou vle gon ti sèvis memoryal isit la.

M pat tounen pou Edith epi lè l te ale. Men, Sè Wright, ou sonje rèv la ke l te fè, kèk ane de sa. Epi m te di nou lè a, m te di: “Se, ti Edith pap ret avè nou trè lontan kounye a”, paske Seyè a te deja deklare ke l ta pral pati, pa rèv sa a ke l te fè. E m te resevwa entèpretasyon an, se te, ke li ta pral rankontre Bondye. Anviwon dezan pita, l al rankontre Bondye. Kounye a lap tann ke papa l ak manman l travèse liy ki separe mòtèl la de imòtalite.

18 Ke Bondye beni nou. M vle eseye wè nou touswit, si m jis kapab. Alò ke Bondye avè nou ak Shelby, epi tout moun. M panse ke m te wè Shelby maten an; m pat si.

Nou pa wè trè byen isi a; plafon an ba konsa, epi li voye on-on limyè konsa. Nou ka wè tach yo, men nou pa wè moun yo trè byen.

19 Kounye a annou rantre nan Mesaj la dirèk. Sa son Mesaj ke m vle li nan Nonb 19:9 ak Efez 5:26. E si nou menm moun ki ekri referans tèks la, e ensidswit, eben, nou ka note l.

20 E kounye a sonje, si nou anrejistre sa a... m pa konnen. M pa wè pèsonn. Wi, m wè on moun, m wè Frè Terry nan-nan sal anrejistremant an. E si sa a anrejistre, mwen di a nenpòt ki minis, nenpòt ki kote, nenpòt ki moman, sa a pa adrese pou denigre anseyman nou, sa a pa menm adrese a mouton nou. Mesaj sa a, ak tout lòt Mesaj yo ke map pale, yo adrese a kongregasyon mwen. Li pa destine a kongregasyon nou, a mwens ke yo vle resevwa Li. Men Li destine a pèp sa a isit la.

21 Moun yo achte kasèt sa yo. Moun yo atravè lemonn achte yo e yo jwe yo. Souvan, yo ekri m. E m toujou di yo, si yo manm on legliz: “Ale wè pastè w”.

22 Kounye a, pastè, m vle ke nou konnen ke, ke, se sèlman a kongregasyon mwen ke mwen pale de bagay sa yo. E m gen dwa fè l, paske Sentespri a te mete m pou m veye sou mouton sa yo. E malè pou mwen si m pa di yo, sa m panse ki Verite a, e kijan m panse ke Li vini. Men Li pa pou mond lan ou rès legliz yo. Nou fè sa Bondye di nou fè. M pa ka reponn pou nou, e nou pa ka reponn tou pou mwen. Men nou chak dwe reponn devan Bondye, pou ministè nou. Se poutèt sa, si m dwe reponn de ministè pa mwen, m dwe preche L jan mwen wè L la, jan Li te revele m. Alò, ke sa klè kounye a.

23 Kounye a nan Nonb 19:9, nou vle li tèks sa a, ou Ekriti sa a, pito.

Yon lòt moun ki nan kondisyon pou fè sèvis pou Bondye va ranmase tout sann gazèl wouj la, l'a mete l' yon kote ki apa pou Bondye andeyò limit kan kote moun yo rete a... (kounye a gade) Y'a konsève sann lan pou lè moun pèp Izrayèl yo va bezwen pran ladan l' pou pare dlo y'a sèvi pou mete nenpòt bagay nan kondisyon pou fè sèvis Bondye ankò, lè y'ap fè sèvis pou mande Bondye padon pou sa yo fè ki mal.

24 Remake, se pa pou tout moun, “pou kongregasyon pèp Izrayèl; dlo separasyon an.”

Kounye a nan Efez, chapit 5, e nap kòmanse pa vèsè 22.

Nou menm, medam yo, soumèt devan mari nou tankou nou soumèt devan Seyè a.

Paske, yon mari se chèf madanm li menm jan Kris la se chèf legliz la. Se Kris la menm ki delivre legliz la ki kò li.

Konsa, se pou medam yo soumèt devan mari yo menm jan legliz la soumèt devan Kris la.

Nou menm, mari yo, se pou nou renmen madanm nou menm jan Kris la te renmen legliz la, jouk li te asepte mouri pou li.

Kounye a men sa mwen vle di kounye a.

Li te fè sa pou li te ka mete legliz la apa pou Bondye. Li lave legliz la nan dlo ak nan pawòl li,

25 Kounye a, ti tèks sa a aswè a, si pou m rele sa on tèks. E m espere ke moun yo ki isit la, e ki konekte tou, avè nou pa telefòn, nou pap inyore sa epi panse ke li di de fason sakrilèj. Malgre ke, pou pran on tèks konsa, lap sanble on sakrilèj. Sijè ke map itilize aswè a se: *Filtè Yon Nonm Ki Reflechi*. Li sonnen trè radikal pou on sijè, pou on minis ki tèlman opoze a sigarèt, pou pran on tèks konsa, *Filtè Yon Nonm Ki Reflechi*. Sa rive lòt maten ke, alò ke m te pati pou lachas ekirèy.

26 Si nou menm moun ki nan-ki nan radio, an ond, ou nan ond telefonik, nou te ka wè ekspresyon ki sou figi kongregasyon sa a lè mwen anonse tèks mwen an, nou tap ri. *Filtè Yon Nonm Ki Reflechi*.

27 Eben, tout bagay pase la a, kote Zanj Seyè yo te parèt devan m on maten, e ekirèy sa yo te kreye pa Pawòl la. Nou tout sonje moman ke sa te fèt. Epitou, jis nan tèt mòn lan kote m te kanpe, se la ke... jis anvan ke m te preche sou Sèt Aj Legliz yo, mwen tal lachas on maten anvan solèy leve. Te gen la a... m te panse ke solèy la tap leve, li te apeprè katrè di maten. Sa te etranj; mwen wè Limyè sa a, e m vire tounen, e la a te gen Sèt Chandelye an Lò yo, anlè a sou tèt mòn lan, avèk tankou on lakansyèl ki tap monte atravè kanal yo epi ap desèvi.

28 Touswit apres, Seyè Jezi a parèt devan nou. E jis nan moman sa a, m tandè on Vwa ki te di: “Jewova Ansyen Testaman an se Jezi nan Nouvo a.” E men, Li te la, apre on ti tan, Li

revele tèt Li apre Sèt Chandelye an Lò sa yo. Alò remake sa. Konbyen ki sonje tèk sa a? M te ekri l dèyè do on-on bwat katouch ke m te genyen nan pòch mwen. "Jewova Ansyen Testaman an se Jezi nan Nouvo a." Bondye ki nan Syèl la konnen ke se te vre.

29 Lè m te janbe zòn sa a kote l te parèt a mwen yon ti kras pita, osijè de ekirèy yo.

30 Apre sa lè m te rele bon zanmi m nan, Jack Moore, kèk mwa apre, pou mande; lè m te kòmanse preche sou sèt aj Legliz la, Apokalips 1. Epi l te kanpe, tou de blan; Cheve l te tankou lenn mouton. Ki jan l ta kab, lè l te ankò gen trant-twa zan, epi l te blanchi nèt? E Frè Moore, yon bon jan frè, kiltive, yon kretyen byen elve, e yon entelektyèl, youn nan meyè moun ke m konnen; epi l te di, "Frè Branham, se te Jezi apre eta glorifye l la. Se konsa l sanble kounye a. " Men, sa pa t 'sonnen yon klòch pou mwen. Epi M te kontinye priye jiskaske yon jou ...

31 Anvan m te kòmanse sèt aj legliz la, m po t ko rezoud premye chapit sa a kòrèkteman. Kòman yon nonm, ki gen tranntwazan, te ka resisite nan menm kò ke apòt yo te rekonèt li, ki te konnen se te li; e ki jan l te ka fason sa a, pwobableman gen katreven oswa katrevendi zan, ak yon gwo lenn blan sou figi l, epi bab li osi blan kou lanèj?

32 M te li nan Liv ... Danyèl la, kote l te vin kot "Ansyen jou yo, ki gen cheve blan tankou lenn mouton." Lè sa a m te wè Ansyen jou sa a. Li te Ansyen jou sa a, menm nan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ou wè, se te yon senbòl, lè sa a. Poukisa lenn blan an? E alòs mwen ... Sentespri a te sanble pale avè m osijè de yon foto ke m te wè yon fwa de yon ansyen jij. Apre sa m te ale nan listwa a; M te retounen nan istwa Bib la ak tout bagay, pou chèche konnen. Epi ansyen jij yo, tankou gran prèt an Izrayèl, li te dwe gen blan, cheve ak bab gri ki tankou lenn sa a, paske koulè blan an sou li a te siyifi ke L te otorite siprèm jij yo an Izrayèl. E menm jodi a, e ale jiska kèk santèn ane de sa, petèt kèk de san lane de sa, oswa petèt pa konsa, pita ke sa. Tout jij anglè yo, kèlkeswa jan yo te jèn oswa laj yo te genyen, lè yo te al fè jijman, yo te met yon perik blan; pou te montre ke pa gen okenn lòt otorite, nan Wayòm sa a, pi wo ke pawòl yo. Pawòl yo se dènye mo Wayòm sa a. Sa yo di, se pwen final.

33 Epi koulye a, ebyen m te wè sa. Li te kanpe la a, menm lè L se yon jenn gason, men avèk perik blan an. Li te plenn siprèm Otorite a. Li te Pawòl la. Apre sa, li te gen, li te met perik blan an.

34 Kidonk, pita lè n te pase a travè tou sa, ak— predikasyon an, epi m te al nan lwès, apre lè zanj Seyè a te parèt la a pou sèt So yo, epi l te soulve an lè a (ke nou gen foto L isit la, e toupatou nan peyi a), Li te kanpe la a, toujou ak perik avèk otorite sipwèm sa a. Li se tèt Legliz la. Li se tèt kò a. Pa gen anyen tankou L, nenpòt kote a. "Li te fè tout bagay pou kont li. Li te fè tout bagay pou limenm, epi san Limenm pa t ap gen anyen k fèt. " "Li gen tout otorite nan

syèl la e sou tè a," Epi tout bagay se pou Li. "E nan li abite tout plenitid Divinite kòporèl la." "Epi Pawòl la te Bondye, e L te fè L Chè nan mitan nou." E se Li menm ki te devwale tout sekre plan sali a, ke tout pwofèt yo ak tout moun saj yo te pale a. Limenm sèl te Sila ki gen perik la epi ki te otorite sipwèm.

35 Koulye a, M te kanpe, anwo sou ti mòn lan avanyè maten, te sanble ke te gen kèk ekirèy ki t ap manje la a. Apre sa, m tap prepare m pou m chita. Apre sa m jis te la a yon ti moman, lè, touf bwa yo te souke bò kote m nan, e yon gwo kanmarad kosto ak yon gwo fizi mouskèt a de kanon t ap vini atravè touf bwa a la a, e sa te kòm fè m pè pou mouri. M te ale, m te deplase; M te pè bouje, pè pou l pa t tire m. Epi touf bwa yo t ap bouje, konsa m jis te rete vrèman trankil.

36 Yon ekirèy te kòmanse monte sou ti mòn lan, epi li dechaje zam nan sou li, tou de kanon yo. Kidonk li te manke l, alòs ekirèy la te desann ti mòn lan. M te panse, "Koulye a, m ap kouri met deyò; tout bri sa a k ap fèt la. Li te gen fizi l ki dechaje. " Apre sa, m te kòmanse desann ti mòn lan, epi yon endividi te tire jis devan m nan. Alòs m te fè demi tou fason sa a. Apre sa, m te dirije m la a, pou m desann yon lòt kote, epi yon fizi 22 te kòmanse tire, e bal yo t ap soufle anlè tèt mwen. M te di, "ebyen, m te nan yon zòn terib."

37 Konsa m te chanje direksyon e m te desann pa bò rivyè a. Epi m te panse, "M pral desann isit la epi m ap kache jouk yo te fini, konsa m te ka sot deyò." E sou wout la m ap desann, sa te rive ke... atansyon m te dirije m gade sou sou bò dwat mwen. Epi, lè m fè sa, te gen a tè a yon pòch sigarèt vid kote ke youn nan yo te voye jete, nan tout bann kouri kite genyen an ... lè ekirèy yo t ap travèse touf bwa yo.

38 Epi m ranmase pòch sigarèt sa a, e m te gade ... M pa t janm ranmase l; M eskize m. M gade l atè a. M pa t ranmase l, paske m pa renmen sant bagay sa yo, pou kòmanse. Apre sa m te gade l la a, epi se yon-yon konpayi tabak kèlkonk ke m kwè m pa ta dwe di non l, men w pral konnen. Li te di la a, "filtè yon nonm ki reflechi e gou yon nonm ki fimen." M te gade bagay sa a, epi m te panse, "filtè yon nonm ki reflechi?" M te panse, "Si nonm lan te kab byen reflechi, li pa ta fimen ditou. Kouman sa ta ka 'filtè yon nonm ki reflechi'? Yon nonm ki reflechi pa ta fimen ditou. " Dakò.

39 Kounyey a, m te panse, "Ala sa twonpè!" Bon, konpayi tabak sa yo te sipoze Ameriken. Epi oh, si nou respekte règleman nou an, nou ta dwe ap travay pou ede youn lòt, si n gen santiman youn pou lòt la. Epi ala ipokrit! Rezon ki fè m pa janm di non konpayi an, m te gen pou di kèk bagay mal sou yo. E kouman yon moun ka ipokrit, pou fè lajan?

40 Yon nonm ki reflechi pa p fimen ditou. Men, ki jan piblik Ameriken an fè pran nan sa; yo panse ke sa s on bèl bagay!

41 Enben gade, ou pa kab, ou pa kab ... Mande nenpòt moun, syantis yo, ou pral ... Ou pa ka gen lafimen san w pa gen goudwon. Si gen yon ti kras lafimen travèse, sa a se goudwon. Men, si w pa okenn lafimen, ebyen, ou pa gen okenn goudwon, kidonk ou pa gen anyen menm. Ou jis ap aspire nan yon bout baton. Men osi lontan ke w pa gen okenn lafimen di tout, w ap aspire nan kansè, nikotin.

42 Si w te avè m lane pase, oswa anvan dènye ane a, m kwè ke se te sa, nan ekspozisyon Mondyal la, nan moman ke Yul Brynner ak tout lòt yo te anwo a la a nan demonstrasyon yo, epi w wè yo pran sigarèt sa a, mete l' nan yon bagay, ki aspire l' atravè yon moso mab. Epi doktè sa a ki pran yon aplikatè, te woule l' toutotou epi li soti nikotin nan sou li, epi mete l' sou do yon rat blan, ke l' mete nan yon kaj. Epi Chak sèt jou, yo te fè l' soti. Apre sa rat la te tèlman plen ak kansè ke l' pa t 'kab mache, ki vin de nikotin ki soti nan yon sèl sigarèt.

43 Answit li te di: -Ou konnen, yo di w ka pase l' nan yon filtè. Li te di, " Ou pa ka gen yon filtè ... Nenpòt filtè ki ta wete nikotin nan, wete lafimen an," li te di, "paske w dwe gen lafimen ... gen goudwon pou fè lafimen an, epi se goudwon an ki bay kansè a. "

44 Epi apre sa li te ale, li te fè l' pase nan dlo, epi l' te di: "Pafwa w panse ou ka filtre sa." Li te di, "Chak fwa, ou fè sa, kèlkeswa kote w rale la." Li te di, "Yo di, 'Mwen pa vale l,' alòs yo mete l' nan bouch yo epi yo pouse l' soti." Epi, li te pran sa epi woule l', apre li mete l' anba yon bagay la a, epi l' te montre l' te toujou kansè. Kisa w'ap fè? Aspire l' desann dwat nan gòj ou. Ou wè? E kèlkeswa sa w fè, se toujou lanmò. Ou wè?

45 Epi Lè sa a, pou panse ke yon konpayi ta twonpe yon nonm ase, oswa eseye twonpe pwòp moun li yo. Se tankou yon votou k ap nourri l' de pwòp espès li yo. Ap brase lajan, vann lanmò bay peyi a, ak jenn gason. Epi yo pral deyò a sou chan batay epi mouri pou yo, epi vire tounen, pou vann yo yon jan de bagay konsa sa, sou yon fo pretèks, "filtè Yon nonm ki reflechi, men gou yon nonm ki fimen." Ou ta dwe gen lafimen an pou gen gou a. "Gou yon nonm ki fimen."

46 Kouman moun yo fè pran ladann, kwaksa! Yo achte l'. Ebyen, se sèlman pou twonpe w plis ankò. Ou wè, li vin de dyab la. Yo pa sousye yo de lavi w. Yo pa gen okenn santiman pou ou. Yo vann ou bagay sa a jis pou yo gade w k ap mouri, osi lontan ke yo fè lajan.

47 Tankou politik ak lagè. M pa kwè nan lagè. M pa kwè ke nou tout ta dwe janm g on gè. Mwen kwè nan mayifik Wayòm ke Bondye ap pote a, gran sivilizasyon ki pral etabli anba pwòp

dominasyon l; pap janm gen yon lòt gè. Nasyon pa pral leve lans yo kont nasyon. Yo tout pral viv ak kè poze, kè poze ki p'ap janm fini an.

48 Kidonk jan de sivilizasyon sa a pote lagè. E pi plis nou vin sivilize, sou efè sa a, pi plis nou gen lagè. Youn ap eseye plis sivilize pase lòt la, e pi plis sivilize fè plis lagè. Ou wè?

49 Epi gade ki sa, anba sivilizasyon sa a, ke yon moun ta fè soti yon tèl bagay konsa. E sèl bagay li fè, li sèlman twonpe w pou fè w achte plis sigarèt. Paske si yon nonm fimen sigarèt ... E m kwè ke l vin de demon an, epi gen yon demon nikotin nan yon nonm e, oswa yon fanm. Men si yon sigarèt ap satisfè demon nikotin sa a jouk li va kite w trankil epi sispann ante w, ak yon sèl sigarèt. Epi apre ou pran yon filtè, ki jis lese pase yon tyè nan lafimen an; oswa yon tyè nan ki nikotin nan, Lè sa a, sa pral pran twa sigarèt pou pran plas yon sèl sa a, epi w pral fimen twa pou yon sèl.

50 Gade, se sèlman yon - yon konplo, twonpri, yon konplo pou eseye vann sigarèt. Yo ka vann plis fason sa a ke yo ka jis kite yon nonm fimen tabak la nan pip la menm oswa nan sigarèt la. Koulye a, ou wè, li vinn de dyab la.

51 Pandan m te kanpe la ap gade l, epi m t ap panse ak kijan ke l te twonpè, kesyon an te vin a mwenmen. Epi, m te bese, m te gade pochèt la ankò, epi m ... jis li te sanble tankou yon bagay te di m ', "Men eslogan an kòrèk," filtè yon nonm ki reflechi, gou yon nonm ki fimen. "' Li te vin a mwenmenm ke twonpri sa a, tou, nan domèn natirèl la la a nan tabak la, se yon bagay nan kad legliz yo nan jounen jodi a, ou wè, se yon twonpri.

52 Li rive n on pwen ke lemonn antye vin tounen yon gwo desepsyon de sa ki reyèlman vre ak sa ki dwat. Ou wè, menm nan politik yo, ak nan zafè sosyal, nan lekòl, nan tout bagay, li vin tounen yon twonpri.

53 Yon jèn kanmarad t ap di m lòt jou ke li te anba a nan yon kan lame, e yon jenn sòlda te gen yon tank ki te pase sou li; poumon l, vant li, oswa kèlkeswa sa l te ye a, te kreve. Epi yo monte lopital la; yo te gen twa oswa kat doktè kanpe la nan liy, e tout moun te kanpe nan liy. Epi de oswa twa sòlda ki te souleve zanmi yo a, e l te jis apèn ka respire ... Chak fwa l ta respire, zo kòt sa a ta kole dwat nan poumon l yo, e sa ta fè l senyen anndan l. Epi yo kite jenn gason sa a kanpe la nan liy lan, byen lwen nan dènye bout liy lan, e yo kite yo, kèk nan moun ki pa gen anyen lòt ke yon zòrèy fè mal oswa yon lòt bagay, pase anvan.

54 Epi le tan pou l te rive la a, kèk kolonèl vini ak yon ti pitit ki te gen gratèl, ti gason l lan oswa ti fi a te gen gratèl sou men l. Epi yo te sispann liy sa a, pou fè pitit kolonèl la antre, epi ti gason sa a ki te gen twou a, t ap mouri. Men ki kote w ye.

55 Oh, si kolonèl sa a ta ka g on santiman otantik pou frè l yo deyò nan liy lan, li ta di, "Ti moun sa a ka rete tann. Pran nonm sa a vit, f on bagay pou li! "

56 Men chak moun vle montre otorite l. Bon, yo tout pa konsa; non, yo tout pa konsa. Men, gen twòp ki konsa. Gen twòp nan yo ki konsa. Men nonm lan, a sèl bagay ke l t ap panse, se te a pwòp ti gason l lan ki te gen yon gratèl sou men l, e l pa t ap panse a pòv gason sa a ki te kanpe la a te kraze anba yon tank, tank la menm e petèt jènnonm lan menm ki ta sove lavi l yon jou sou chan batay la. Ou wè, yo pa sispann panse; sèlman pou yo menm. "Filtè yon nonm ki reflechi."

57 M gade l, epi m te panse, "S on bagay tankou - denominasyon yo jodi a, legliz ke n genyen yo." Chak nan yo gen pwòp filtè yo; yo gen pwòp kalite filtè yo. Yo jis kite sa ke yo vle antre, e sa ke yo pa vle antre; sa yo filtre pou antre ak sa k filtre pou soti, ak pwòp kalite filtè yo. Yo jis kite yon gwo pòsyon mond lan antre pou satisfè enkwayan yo ki anndan la a. Yo pral fè yo antre kèlkeswa sa yo ye a, si yo te gen lajan. Yo pral fè yo antre kèlkeswa sa yo ye a, si yo popilè. Men gen yon sèl bagay avè l, ou pa ka antre nan Legliz Bondye a konsa; se pa denominasyon kounye a, m vle di vrè, otantik Legliz Bondye a.

58 Tankou konpayi tabak yo jodi a, moun ki antre nan sa yo di ki legliz yo oswa denominasyon yo di, yo gen yon gou, e ke gou sa a se klasik mond lan. Epi chak denominasyon gen pwòp filtè pa yo, epi yo filtre tout vrè kretyen yo ki ta ka di "amèn" lè l t ap preche; epi fè antre tout sa ki gen cheve koupe, Jezabèl figi pentire ki nan peyi a, toutotan yo popilè. "Entèl-entèl vin nan ... yon aktè fim, yon gwo zotobre." Sa a se kalite filtè ke yo itilize. "Denominasyon nou an. Entèl-entèl, prezidan an, oswa - oswa kolonèl la, oswa yon moun ki se manb denominasyon nou an. " Ou wè ki kalite filtè yo itilize? Filtè sa a, sèten, li vin de mond lan, moun nan mond lan.

59 Moun yo, yo konn sa yo vle. Konsa si yo dwe gen sa yo vle a, Lè sa a, yo pral gen yon jan de kalite filtè, ak ase mond lan pou pale atravè l, pou satisfè gou mondanite nan yo. "Filtè yon nonm ki reflechi, gou yon nonm ki fimen." Yon filtè mond relijye a, ak gou yon nonm mouden.

60 Yo vle relijye. Yo panse ke yo dwe relijye, paske yo gen yon nanm.

61 Lè n fèk vin nan peyi sa a, ou te jwenn Endyen yo ki t ap adore solèy elatriye, paske (poukisa?) Li se yon èt imen. Nou retounen byen lwen nan lajeng nan Lafrik, nou jwenn natif natal yo a p adore yon bagay. Poukisa? Yo se èt imen, epi yo vle, yo dwe adore.

62 Konsa èt imen an, kèlkeswa jan l retwograde, li toujou konnen g on bagay yon kote. Men l te gen yon tèl gou pou mond lan, ke l pa t ka pran filtè ki kòrèk la. Li te dwe gen pwòp filtè ke l te fè. Chak moun ap fè pwòp kalite filtè yo.

63 Chak konpayi sigarèt ap vante pa yo a, kisa yo ka fè, "Yon vrè filtè! Sa a se meyè filtè a! Tout se nan bout la! " ak tout bagay konsa. Li te di, "gou a rive," oswa yon bagay, "ki soti devan an." Oh, gras la mizèrikòd. "Soti devan an"? Ki sa k gen nan bout lan, antouka? Se sèten se pa yon nonm k ap panse oswa yon fanm k ap panse. Men se sa yo di a, jis senpleman twonpe moun yo.

64 Koulye a nou reyalize ke, nan jou nou an, ke pèp la te gen yon gou. Epi poukisa yon nonm fimen yon sigarèt? Se pou satisfè yon gou. Poukisa fanm nan fimen yon sigarèt? Pou satisfè yon gou.

65 E alòs, si legliz la te byen konsidere ke, yon gwoup relijye, yo ... pou fè moun antre ladann, yo te dwe gen yon jan de filtè pou bay pèp la gou ke yo vle a. Konsa si yo pa jwenn gou ke yo vle a, yo pa p vle sigarèt la. Men, si yo pa ka jwenn gou ke yo vle a nan relijyon, yo pa p pran relijyon an. Koulye a, se jis osi klè ke l kapab.

66 Fanm ak bout pantalon yo, cheve koupe, figi ki pentire, rad endesan, yo vle sa. Yo renmen sa.

67 Jan m te pale maten an ak dimanch maten pase a, sou wou sa a ki nan mitan wou an, oswa ti nanm sa a ki anndan lespri a. Kouman ke Lespri sou deyò a, ant nanm nan e kò a, ka absoliman wen ak Sentespri a. Eske nou tout te konprann sa? [Kongregasyon an di: "Amèn."
- Ed.]

68 Koulye a pou swiv sa a ki yon swit mesaj, Bondye mond sa a, moun Bondye wenn nan dènye jou yo. Ki deyò, sèk nan mitan sa a ... Premye sèk la se-sans imen an. Dezyèm sèk la se sans lespri yo; volonte, pwòp-volonte, dezi, elatriye. Men anndan an se nanm nan; nanm sa te predestine. Konsa yo ka wen lespri sa a pou fè kò eksteryè a antre nan soumisyon a Lespri a. "Men nanm ki peche a, nanm sa a pral mouri." Nanm nan ki rejte, nan enkredilite, Pawòl Bondye a, ke l se yon pati de li, nanm sa a pral Etènèlman ... gen, toujou.

69 Mwen kwè nan yon lanmò Etènèl, menm jan m kwè nan yon Syèl Etènèl, men pa yon lanfè Etènèl. Pa g on tèl bagay tankou yon lanfè Etènèl. Gen yon lanmò Etènèl pou moun yo ki ... Anpil nan yo, relijye, nan mond lan jodi a, te toujou mouri.

70 "Fanm k ap viv nan plezi," ak cheve l koupe e figi pentire, "mouri pandan l ap viv." Bib la te di sa. Ou wè? Ou wè, li ka relijye, men li pa t janm sove. Li te gen yon emosyon eksteryè. Li te ka chante nan koral, oswa li te ka danse nan Lespri, li te ka pale nan lang, epi gen tout manifestasyon Lespri a. Men sof si nanm sa a ki anndan an se pitit fi Bondye, ou wè, li fini, kèlkeswa sa l fè.

71 Pèp Izrayèl la te tout espiyèlman eksteryè, tout te ranpli avèk bonte Bondye, epi kouman yo te respekte Bondye, elatriye, men sa pa t 'mache. Andedan yo pa t 'kab rekonèt Pawòl la li menm.

72 Men, lè w ne de Lespri Bondye a, alòs, ou te g on ... ou se yon pitit Bondye, epi w te toujou yon pitit Bondye, epi w ap toujou yon pitit Bondye. Pa gen okenn fason pou separe l, paske l se ... ou gen lavi etènèl. Epi Letènèl pa janm te kòmanse; ni l pap janm fini.

73 Oh, pou gras Bondye a, ke l ta fè n konprann gwo mistè sa yo! Kòm Pòl te pale isit la, pi lwen nan Efezyen, lè l t ap pale de mari a ak madanm, li te di, "Sa a se yon mistè," ki jan fanm yo ta dwe gen respè pou mari yo. Menm ke se dezyèm pasaj, m kwè ke se sa, nan Bib la tout antye, ke yo te janm pale de respè sa a. Li te di, "fanm nan, ke l respekte mari l', respekte mari l'." Epi yon mari ta dwe viv yon tèl vi devan madanm li pou ke madanm li kab respekte l tankou yon pitit gason Bondye. Men si l pa viv jan de vi sa a, ebyen, lè sa a, se sèten, li pa ta respekte l, paske l konn de kisa l te fè t. Men lè l se yon nonm ki gen respè pou moun, respektive e onèt, ak madanm li e devan fanmi l, yon vrè sèvite Bondye, alòs, fanm nan, timoun yo, e tout moun, ta dwe respekte sèvite Bondye a, avèk reverans.

74 Remake kounye a. Fanm yo, yo vle gen cheve koupe. Yo vle mete bout pantalon, penti, makiyaj. Ti bikini sa yo ak bagay ke yo-ke yo mete sèjousi, yo vle fè l; e poutan yo vle al legliz. Ou wè onksyon sa a sou lespri a, pa sou nanm nan. Ou wè?

75 Li di, li vle vin yon kretyen epi tou fè bagay sa yo, epi pastè a di l se kòrèk. Kidonk si l di ke se kòrèk, "Ou ka vin yon manb; non w ka nan liv legliz mwen an la a; se kòrèk, "Lè sa a, l ap ba l filtè denominasyonèl li a satisfè gou yon fanm monden. Li renmen mond lan; li renmen gou li. Konsa, li te gen yon filtè pou li, men li lwen pou pou l yon fanm ki reflechi. Men se sa l ye. Se la m jwenn tèks sa a.

76 Non, li pa yon —yon fanm ki reflechi. Si l te reflechi, li ta konnen ke legliz la pa pral jije li nan dènye jou a. Legliz la ap jije l kounye a pa apatenans li, lwayote li nan ti sèk ke l fè pati a ak sosyete a. Y ap jije l 'kounye a pa sa. Men Bondye pral jije l 'nan dènye jou a. Kikonk li p ap reflechi.

77 Menm jan ak nonm sa a ki fimen; li renmen sigarèt la tèlman jiskaske kapasite pou l panse vin angoudi ak nikotin. Epi dezi fanm nan te tèlman angoudi kapasite pou l panse jouk li pral fè bagay sa yo, ki sa ki mal nan je Seyè a, paske l te vle fè l; li satisfè gou yon fanm monden. Konsa, li pran filtè yon legliz monden; li pase dwat atravè l, kòrèkteman, san okenn pwoblèm. Ki montre ...

78 Koulye a nou wè la a se Laverite. Epi pastè a di, "Se kòrèk. Nou pa kondane fanm paske yo fè sa. Se kòrèk. " Gen ase peche ladann; sa a se atravè filtè yo. Ki montre ke yo te pase atravè yon filtè teyolojik. Kidonk yo te resevwa yon gou teyolojik; epi yo te gen yon gou teyolojik. Men li sètènman pa t pase a travè Filtè Bondye a. Non, mesye.

79 Kounye a, si gen yon filtè teyolojik pou pansè teyolojik la, ebyen gen yon filtè legliz pou pansè legliz la, yon filtè sigarèt pou pansè sigarèt la, ta dwe genyen yon vrè filtre kèk kote pou reyèl pansè a. Epi Bondye gen yon Filtè, e se Pawòl Li. Li se yon separatè, paske L se dlo separasyon yo pou peche. Koulye a, sa se nonm ki reflechi oswa gou nonm ki sen an.

80 E si yon nonm pase atravè kalite filtè sa a ki pou mond la, li-li te gen yon gou monden. Epi tankou konpayi tabak la, li gen plis manm nan legliz li a lè l pouse yo atravè filtè sa a. Si yo di, "Gen plis fanm ki al legliz ke gason." Sa ka konsa. Tout sa ka petèt tèlman vre, lè l ka ale epi fè pati de nenpòt sa l vle a. Se vre. Li pral fè l, li pral fè pati de nenpòt bagay la, men l te pase atravè filtè legliz la. Si l te pase atravè filtè Bondye a, li ta soti diferan de sa. Ou wè? Li pa t kab pase nan filtè Bondye a epi soti ak cheve koupe. Li jis pa ka fè l.

81 Kounye a sa pral on--on tijan fè mal pou kèk moun. Men lè li te kòmanse pase atravè Filtè Bondye a, epi Li di la pou yo pa koupe cheve yo, alò (kisa?) li te lonje sou lòt bò a. Si L te di s on peche pou yon fanm fè sa, e li s on dezonè si l fè sa.

"Si l vle," li di, "ebyen, si l oblije koupe cheve l."

Li te di, alò, "Ke l kale l bobis." E l te di, "Nou konnen ke se yon wont pou on fanm gen tèt li chòv." Li te di, "Alò ke l kouvri tèt li." E cheve l se vwal li; pa on chapo, madam. Cheve l se vwal li, Bib la di sa. Dakò. Sa montre li s on Nazireyen pou Seyè a. Cheve long, pou on fanm, vle di on Nazireyen pou Seyè a. Bon, nou jwenn ke se vre.

82 Men nou dekouvri si nonm ki reflechi a, swadizan dapre monn lan, ka fimen epi pran l kanmenm, li dwe gen ase sans pou konnen l ap jwenn goudwon nan tabak la. Men, sa sa fè, se sèlman pou vann li pi plis ankò, pou fè l achte plis sigarèt.

83 E filtè legliz aksepte manm ak bagay konsa ke yo kite pase ak tout bagay epi kanmenm fè pati legliz, yo vin gen plis manm. Sa k t ap rive si nou t al legliz aswè a pou pase tout moun anba filtè konpare ak sila yo ki te Kreyen otantik ne nan Pawòl la. T ap gen tankou yon mesaj vid kont on mi aswè a, se vre, paske sa te pase atravè Filtè a.

84 E si m ta gen yon sèl dezi nan kè m, m espere ke tout moun ki ap tandè m yo gen menm bagay la, se "Bondye, fè m pase atravè Filtè W la." Tankou David te di a, "Mete m a leprèv, epi epwouve m, pou wè si pa gen okenn mechanste nan mwen, konsa retire l, Seyè." Ou wè?

M vle Filtè Bondye a. M pa fè ka de sa monn lan ap fè, sa legliz genyen; m vle yon nonm ki reflechi pou ap panse a Kimoun m pral kanpe bò kote l youn nan jou sa yo, pandan Jijman.

85 Remake, konpayi tabak la fè sa pou l vann plis sigarèt; legliz fè sa pou gen plis manm. Yon fanm ak cheve koupe, ki ap pote bout chòt, va bloke nan Filtè Bondye a. Li pap ka pase atravè L, ak cheve koupe, paske Bib la te di li pa dwe fè sa. Li dezonore chèf li lè l fè sa. Nou ta dwe konn sa. Men li pase atravè legliz toudwat, tout rès yo. M kanpe kèk fwa...

86 Se pa pou ap mal konsidere moun; pèsonèlman m pa janm pale de okenn moun, men se konsènan peche nan legliz. Nou sèvi m temwen de sa. M pat di, "Madam Entèl-entèl se entèl-entèl, oswa Mesye Entèl-entèl, oswa Reveran Entèl-entèl se entèl-entèl." Non, mesye. M konn di peche se peche. Si l nan fanmi m, li nan mwen, si li nan nenpòt moun lan, se toujou peche. Pa antan ke endividi, m pa pale kont endividi. M pale kont peche. M pa fè ka si se mwen menm oswa kèlkeswa moun li ye a, sa kòmanse atravè Filtè Bondye a, tout peche va stope w drèt la.

87 Remake. Men fanm lan ki vle gen cheve koupe ak pote bout chòt, oswa mete makiyaj ak tout bagay, li ka pase toudwat atravè on filtè Pannkotis jis osi fasil ke manje tat, pa gen pwoblèm ditou, drèt nan lanmò. Paske, li...Li di, "Ebyen, pa gen anyen mal a sa."

"Si nou renmen monn lan oswa bagay nan monn lan, se paske lanmou Bondye pa menm lan nou."

88 A on nivo pi ba atravè espri sa, lè sa, li ka atire desann nan nanm li, bagay ki pa vin de Bondye e ki kont Pawòl Bondye a, si se sa gou ki lan nanm lan. Li ka vini atravè sans goute a; sans wè a, sans goute...Li ka vini atravè panse a, atravè rezonman, "Pa gen anyen mal a sa. M gen gou. M gen santiman. M gen enpresyon ke se kòrèk." Li ka vini dirèk ap desann atravè sa, pou al toudwat lan nanm li, si nanm li jan sa. Sa montre li pat pase atravè Filtè Bondye a.

Men si l gen cheve koupe, ap mete makiyaj, bout chòt, pantalon, sanble ak gason, tout pantalon sa yo e kèlkeswa sa yo rele yo a; pou ap di bagay sa yo, epi ap fè bagay sa yo, epi ap viv pou monn lan, li va stope; li paka pase atravè sa La. Non, mesye. Sa va stope l nan kòmansman an.

89 Remake, on nonm k ap gade bèl bouch wouj li ak figi makiye l la, ak bout chòt ak--ak bikini, ak tout sa l genyen; yon reyèl nonm ki reflechi pap gade l. Bon, yon nonm ki on manm legliz va gade l, admire l. Men m pa fè ka a kisa li sanble pou jye, yon nonm ki reflechi va vire tèt li. Poukisa? Li te pase atravè Filtè Bondye a, e li konnen ke gade l se komèt adiltè nan kè l. Li pa kwè li bèl.

Yo va di, “Èske I pa yon bèl ti bagay?”

Se pat pou li se pat sa. Li s on mizerab Jezabèl fini, ak yon aparans souye, pou yon nonm ki reflechi. Yon pitit Bondye gade I avèk wont ke li menm fè pati de menm fanmi avè I. Se vre . “Kouman sa ka fè sè m epi ap aji konsa?”

90 Ou wè, yo te pase I atravè on filtè, e li menm te vini atravè yon lòt. Li pap panse li bèl, pa ditou. Sa se pa bote pou on vrè òm de Dye.

91 Sonje, on lè anvan San Jezikri te vin Filtè a, pandan nou pral antre ladann nan kèk minit, “Pitit Bondye yo te wè pitit fi lèzòm bèl, e yo te pran pou tèt yo madanm pami yo.” Bondye pat janm padone sa. Sa te rive ankò, nan mach Izrayèl, e Bondye pat janm padone yo. Yo tout te peri.

Filtè yon nonm ki reflechi!

M te sot nan yon reyinyon isit la; te g on ti riki ki te kanpe la dèyè legliz la yon nwit, li te di m, sa fè apeprè twa oswa katran, li te di, “Rezon kifè w di sa, se paske w s on moun aje.” Li te di, “M panse ke yo bèl.”

M te reponn, “m ka imajine sa.” Jis apati de jan I ap gade, ou ka di a kisa I te sanble. M te di, “Kite m di w on bagay. Ki laj ou?”

“Apeprè trantan.”

92 M te di, “Lè m te kenzan pi jèn ke ou, m te panse menm bagay la.” Dakò. E sa toujou souye!

93 Filtè yon nonm ki reflechi! Bon remake, si li te, si panse I te filtre atravè Pawòl Bondye a, Filtè Bondye a, li patap gen jye sou li. Li patap panse li bèl; li t ap panse li s on Jezabèl. Li t ap panse, dèyè bouch roze tou wouj sa se kwòk pwazon ki va pike I. E Bib la di, “Pòtay li se pòtay lanfè; e yon nonm ki antre la se tankou on bèf ki pral labatwa.” Genyen yon Filtè pou yon nonm ki reflechi.

94 Kisa dezi ou ye? Kan fanm lan desann nan lari a abiye konsa, epi nou menm mesye yo nou vire tèt tounen, pou ap gade toutotou konsa, nou pap itilize Filtè yon nonm ki reflechi. Paske, lè w fè sa, w ap komèt adiltè, paske Filtè a di, “Nenpòt moun ki gade yon fanm pou konvwate I deja komèt adiltè avè I.” Vire tèt ou tounen, òm ki reflechi. Elwaye w de li. Li pa bèl. Li s on sèpan; se vre, ap tòtiye tankou I, ap aji tankou I, ap pike tankou I. Rete lwen I.

95 O, wi, Pawòl Bondye a se Filtè yon nonm ki reflechi. Tout moun konn sa. Se atravè sa ke nanm ou filtre, Pawòl Bondye a. E Sa fè w, lè w vini atravè Bondye...Lè yon nonm ki reflechi

vini atravè Filtè Bondye a, sa ba l yon gou ki sen. Se vre. Lè w vini atravè Filtè Bondye a, alò gou w se gou yon nonm sen. Sa fè gou yon nonm ki jis. Piblisite a vin kòrèk konsa sèten.

96 Bon nou jwenn kouman sa te fèt an tip, nan Izrayèl, pou kongregasyon Izrayèl la sèlman. Se pou rezon sa, n ap pale de sa kounye a, si gen minis ki pa dakò a nenpòt sa ki te di a; sa a se pou kongregasyon m ke Seyè a ban mwen pou--pou m preche.

97 Remake nan Egzòd 19, m vle w li lè w rive lakay ou, lè w gen plis tan. Remake, kan Izrayèl te komèt peche, an premye yo te konn pran yon jenis wouj ke yo pat janm met joug sou kou l. Sa vle di li pat janm sou joug ankenn bagay.

98 E li te dwe wouj. Koulè wouj la se yon--yon koulè pou ekspyasyon, ou konnen, lasyans konnen si w pran wouj epi w ap gade atravè wouj, pou wouj, li vin blan. Gade atravè wouj, pou wouj, sa vin blan. Li t ap gade atravè San wouj Seyè Jezi a, e peche wouj nou yo te vin blan tankou lanèj; wouj atravè wouj.

E jenis lan yo te touye l o tan di swa, pa kongregasyon Izrayèl la an antye.

E yo te konn fè sèt tras ak san l sou pòt kote tout kongregasyon an nèt te dwe antre a; yon tip de Sèt Aj Legliz yo, ak San an.

99 E apre sa kò a yo te pran l pou boule l. Yo te boule ak sabo a, ak po a, ak zantray yo, nan fimye a. Tout bagay nèt te boule, ansanm.

E se yon nonm ki pwòp ki te dwe pran l, pou mete l on kote pwòp a leksteryè kongregasyon an. Kidonk, si Izrayèl te ka sèlman wè tip sa! Pawòl la. Bondye sa pa dwe manipile pa men ki sal ak enkredilite. Sa dwe fèt pa on nonm ki pwòp. E si l pwòp, li dwe vini atravè Filtè Bondye a.

Yon nonm pwòp, ak men pwòp, e sa te dwe plase yon kote pwòp; pa yon plas kote Jezabèl, ak Riki, ak tout sòt de bagay ap pataje; pou ap pran kominyon ak bagay konsa, pandan ke y ap kouri toupatou ak fanm, ak gason, epi tout jan de bagay souye; pral nan dans ak fèt, ak cheve koupe, epi bout chòt, ak tout lòt bagay, epi ap rele tèt yo Kreyen. Sa dwe plase yon kote ki pwòp, epi manipile ak men pwòp.

100 E apre sa lè Izrayèl te peche, e l te rekonèt ke l te mal aji, alò yo te konn repann sann jenis sa, sou yo. E sa se te dlo separasyon an, ki se pirifikasyon pou peche.

101 Remake. Men ni! E lè Izrayèl, anvan yo te ka vin lan fratènite nan adorasyon, yo te dwe dabò pase atravè dlo separasyon an. "Jistifikasyon pa lafwa; ki vini avèk ap tande, ap tande Pawòl la."

Aprè sa yo te konn antre nan kongregasyon an anba sèt tras sa yo, san an, pou montre ke yon bagay te mouri e li te pran devan yo, pou peche yo. Yo te separe avèk tandè Pawòl la, ak dlo separasyon, apre yo te konn antre nan fratènite.

102 Sèl kote Bondye te konn rankontre yon nonm se te dèyè òdonans sa. Li patap rankontre l ankenn lòt kote. Li te dwe vini dèyè òdonans sa. Bondye te konn rankontre Izrayèl yon sèl kote.

E Bondye rankontre w jodi a yon sèl kote, e se nan Jezikri; e Li se Pawòl la, dlo separasyon an. E San L te vèse pou tout Sèt Aj Legliz yo. E apre sa, ak Sentespri a, nou antre nan fratènite sa, ke yo te bay Legliz sèlman. O ala Li gran!

103 Epitou, kounye a, nou vle gade nan Efezyen 5:26, ki di, “Se lavaj dlo pa Pawòl la,” dlo separasyon. Kisa Sa fè? Alò, Filtè Bondye a se Pawòl la. Dlo separasyon, “lavaj dlo, separasyon, pa Pawòl la,” Filtè Bondye a.

104 Lè sa, ou paka vin nan Kris atravè yon filtè legliz. Ou paka vini pa yon filtè denominasyon oswa yon filtè kredo. Gen yon sèl Filtè, ki pèmèt ou antre nan plas sen sa, se atravè “lavaj dlo pa Pawòl la.” Pawòl Bondye a se Filtè yon nonm ki reflechi.

105 Legliz va jije w isi a pou wè si w se yon bon manm ou pa. Yo va ba w yon bon fineray, epi mete drapo demi ma pou lanmò w, yo va voye gwo jèb flè ak--ak tout bagay pou ou. Men lè sa rive kote pou nanm ou ap fè fas ak Bondye, li dwe gen Lavi Etènèl. E si l se yon Vi Etènèl, li s on pati Pawòl la. E menm jan pwòp pawòl mwen paka renye...

Pwòp men m paka renye men pa m. Pwòp jye m paka renye men m, oswa pye m, oswa zòtèy mwen, oswa yon pati nan mwen. Yo paka renye l.

E menm jan on nonm, oswa on fanm ki s on pati Pawòl Bondye, paka renye on pati Pawòl Bondye a. Kifè, fanm yo, lè nou panse nou ka koupe cheve nou pou vin nan Prezans Bondye, nou gen tò. Ou wè li? Ou gen tò; ou paka vini atravè Filtè Bondye a kote ou lave ak dlo Pawòl la. Apre sa ou antre nan fratènite. Ou panse ke ou fè l, men ou pa kapab jiskaske w vini atravè Pawòl la, ak chak ti espas, chak ti Pawòl Bondye. “Lòm pap viv ak pen sèlman, men ak chak Pawòl.” Li dwe vini atravè filtraj sa, pou pase atravè l. E sa bay gou yon nonm ki jis, paske se sa l ap chache, l ap chache on bagay pou netwaye l.

106 Pawòl la, Pawòl Bondye a se Filtè nonm ki reflechi a, e Li bay gou yon nonm ki jis. Nou konnen se vre; Li filtre tout peche enkredilite deyò. Pa gen okenn enkredilite ankò lè w vini atravè Filtè a, paske se gou yon vrè kwayan.

107 Vrè kwayan an vle kòrèk, pe enpòt kisa. Li jis pa vle di, “Ebyen, m fè pati yon ran sosyal. M fè pati legliz, pi gwo legliz nan vil la.” M pa fè ka si s on misyon nan kwen lari a, si s on branch bwa, kèkpa, yon nonm ki reflechi konnen li dwe rankontre Bondye. E pe enpòt sa legliz di, oswa sa nenpòt lòt moun di, li dwe vini nan limit Bondye. E limit Bondye se Pawòl Bondye.

Yo va di, “Ebyen,” “Pawòl Bondye.”

Sèten, yo tout kwè Se Pawòl Bondye, men èske w ka pase atravè filtraj Li? Kouman w pral fè kite yon fanm ak cheve koupe pase atravè La? Kijan w pral fè sa? Kouman w pral fè kite yon nonm pase atravè La ki pap pran pozisyon pou Doktrin sa? Ou wè?

Sa pa gou yon nonm ki reflechi. Non. Yon nonm ki reflechi va panse, yon nonm ki reflechi va panse de fwa anvan l sote nan yon bagay konsa.

108 Remake, Pawòl sa paka renye Tèt Li. Alò li satisfè, oswa se dezi a. Se dezi pou ki bagay? Kisa ki fè ou gen dezi pou Li, pou kòmanse? Se paske nan pwofondè nanm ou te g on semans predestine ki te Lavi Etènèl, ki te toujou an repo anndan la, ki te toujou anndan la. “Tou sa Papa a te ban Mwen va vin jwenn Mwen. Pa gen okenn ladan yo ki va pèdi.”

109 Gou yon nonm ki reflechi, lè yon nonm ki reflechi tandè Pawòl Bondye, “Brebi pa M yo tandè Vwa M, yo pap swiv yon etranje,” paske pwofon anndan la ou jwenn Lavi, e Lavi konekte ak Lavi.

Peche konekte ak peche, e peche ipokrit jouk li menm panse ke l sove alòske li pa sove. Sa se pwofondè menm ipokrizi.

110 Manm legliz vle filtè yon denominasyon ki va pèmèt yo gen pwòp dezi yo epi kanmenm konsidere kòm moun “relijye”. Ou tandè yo k ap di, “O, li trè relijye.”

111 An Afrik, on fwa te gen deyò la, e yo t ap pale de bagay sa yo, kèk nan timoun yo t ap pale de chante wòkennwòl sa yo ke Elvis Presley ak lòt yo t ap chante, Pat Boone ak ki lòt ankò, Ricky Nelson ak tout lòt yo. M te di, “Yo s on bann vakabon.”

Yon ti jèn fi te di, “Eben, li trè relijye.”

112 M te di, “Jida tou.” M te di, “Jida te gen sèlman trant pyès an ajan; Elvis Presley te gen plizyè milyon dola.” Ou wè? Yo toulède te vann dwadenès yo.” Ou wè? M te di, “Yo pa...se dèt ki pi tèrib ke nasyon an te genyen.” Toujou, jis ap sedwi menm jan ak filtè sigarèt la, denominasyon sa yo kite manm sa yo antre. Yo pat dwe menm...Te dwe g on lwa ki anpeche yo chante kantik relijye. Sa kont...ta dwe kontrè a lalwa pou yo fè sa.

Men tout bagay la nèt vin tounen yon gwo pil ipokrizi, e se la ke yo retwouve yo jodi a. Vrè Fil-...[Espas vid sou bann lan—Editè a.] poutèt nan, sa di, “Si w renmen monn lan oswa bagay ki nan monn lan, lanmou Bondye pa menm nan ou.”

113 Ou wè, ou paka--ou paka di wòkennwòl se monden...oswa se Bondye. Wòkennwòl se monden. Chak dans sa yo ki te filtre...bagay sal degoutan sa yo, pito, se monden. Se lemond nèt.

Ou paka di cheve koupe pou on fanm se Bondye. Bib la di se pa sa, kifè se bagay souye monn lan. E si w renmen on ti zwit nan monn lan, lanmou Bondye pa menm nan ou. Ou wè?

114 Kisa sa ye? Ebyen, kisa k ap atire l? Se yon bagay an pwofondè anndan an k ap atire l. Nanm lan ap atire resous ou atravè eksteryè a, ap desann atravè lespri a, pou rive nan nanm lan. E si nanm lan renmen lemond, li mouri. M pa bezwen konnen kijan l wenn, se deyò a, ak kijan sa jis pou lafas; anba isit la sa mouri. “Paske sila ki renmen monn lan oswa bagay nan monn lan, lanmou Bondye pa menm nan li,” pe enpòt kijan l relijye.

115 Vrè Filtè a, chemen sa, va--va ekspoze tout bagay sa yo pou mennen ankenn lòt bagay ke verite Bondye, Pawòl la, nan vrè nanm reyèl la.

116 Yo tankou Ezawou, kòrèk aleksteryè. Ezawou te relijye sou fasad. E kan sa te rive sou relijyon, ta sanble li pi relijye ke Jakòb. Li te parèt on pi bon moun ke Jakòb, men anndan l, se sa l te ye. Li te relijye an aparans, men panse l pat filtre. Li pat panse kòrèk de dwadenès la. Li--li pat panse ke Bondye, dwadenès la te vle di otan ke Bondye te di li te vo a. Men li, ki t ap di, “Mwen grangou, ki diferans sa fè konsènan vye dwadenès sa? Ou mèt pran l si w vle l.” O, la la! Ou wè?

“M al legliz; m jis bon menm jan avè w. Denominasyon m jis tankou...Ebyen, se youn nan pi gran nan monn lan. Manman m te fè pati de li. Papa m te fè pati de li. Tout sesi, sela, se lòtbò. Pastè m te edike; li gen *entèl-entèl*.” Sa mete l a longè distans sa de Bondye. Sa se pa filtè yon nonm ki reflechi.

Si se te sa, kijan Pyè t ap janm vin sa l te ye a, alòske li patka siyen pwòp non l? Men li te andose Filtè nonm ki reflechi a. Remake. O, la la!

117 Ezawou te panse ke dwadenès sa pat vle di sa Bondye te di li ye a. Se te diferans ant Lavi e lanmò. Kifè, tankou Èv ak Jida, ki te vann dwadenès yo pou satisfaksyon gou konesans sivilizasyon an. Se egzakteman pou sa Èv te vann dwadenès li. Li te vann li pou on ti gou

lasyans, on ti gou konesans monden, on legliz on tijan mye, on klas moun on tijan mye, se konsa yo t ap rele sa jodi a. Ou wè?

E Jida te vann dwadenès li pou trant pyès an ajan, e li te gen kèk dola an plis. “Kongregasyon m ka peye m mye bò isit la, e m va jis preche bò isit la.” Ou wè? “Konsa, si m vin on predikatè, ebyen...”

118 Yo te di, “Frè Branham, nou kwè ke Mesaj sa se Laverite, men nou paka aksepte L. Si n ta fè sa, enben, ki kote nou pral ka preche?” Hmm! Monn lan, frè, se pawas la. Sètèman. “Ebyen, okenn nan frè yo pap apiye m.” Mwen--mwen pap atann ke okenn nan frè yo pral apiye m. M ap atann Jezikri pou apiye m, paske Li te pran pozisyon pou Sa. Li se Sila Ki te di L.

119 E kan vrè dwadenès la, San an, te filtre pa Pawòl la; tout peche, monn lan, legliz, denominasyon, sektaris, te ret deyò. Edikasyon, sivilizasyon, legliz, denominasyon, sistèm, tout sòt de peche te ret deyò kan yon nonm ki reflechi pran Filtè yon nonm ki reflechi, dapre estimasyon Bondye.

120 Pa gen anyen ki rete ladann kan yon nonm tire vi pa l--pa l atravè Filtè Bondye a; remake, la vi w tou melanje ak peche, paske ou te “ne lan peche, fasone nan inikite, te vin nan monn lan ap bay manti.”

M pral di on bagay, jan Frè McCullough abitye di a. Koute m.

121 Lè w te vin nan monn sa, ou te ne lan peche. Ou pat menm vini ak on chans pou konba a. Ou te “fèt lan peche, te fasone nan inikite, te vini nan monn lan ap bay manti,” alanteryè pwòp lespri w, te gen dezi peche, youn ki renmen peche poutèt ou te fèt lan peche. Ou pat gen on chans.

Men pwofon anndan w, kèkpa, men ou ki te vini, te g on bagay la ki te kòmanse ap rale. Si w te konnen, se t on bagay ki t ap di w te g on Bondye kèkpa; e ou te li Pawòl Li. Apre sa ou te chwazi legliz ou, ou te pran ide yo lè yo te di w sa k mye, alò ou pat janm itilize Filtè yon nonm ki reflechi. Men lè w itilize Filtè Bondye a, ki se Filtè yon nonm ki reflechi, paske “Tout lòt filtè yo va pase, men pa M lan pap pase.” E lè w pran Filtè Bondye pou tire lavi, dezi ou; si w tire dezi w atravè Filtè Bondye a, Filtè yon nonm ki reflechi, pa gen anyen ki ka rete sof Sentespri a.

122 Bon, si w vle evidans Sentespri a, men ni. Lè nanm pa w la va aliye l ak Pawòl Bondye a, nan tout respè, sa montre ou te tire lavi pa w atravè Filtè nonm ki reflechi a, Filtè Bondye a.

123 Remake, èske sa se Filtè Bondye? Li te di, “Nou te lave pa dlo Pawòl la.”

E kan Bondye te bay Adan e Èv on Filtè, nan jaden Edenn, Li te di, “Pa tire okenn nan sa a antre la.” men Satan te fè on twou Ladann, pou di, “O, sa jis on tijan, li pap fè mal.” Jis yon gout, te pase atravè, se jis sa sa te pran pou te tabli lanmò nan ras imen an.

124 Se jis sa sa pran, jis on gou nikotin, epi yo te ale.

125 Pa gen anyen k rete sof Sentespri a.

126 E la sa montre ke nan ou te gen semans predestine a pwofon nan ou, ki te fè w grangou pou Bondye. “Tou sa Papa a te ban Mwen, te ban Mwen pou rachte; yo te mouri avè M sou Kalvè; yo te resisite avè M nan rezirèksyon; tou sa Li te ban Mwen, va vin jwenn Mwen. Yo va plase nan Kò a, kote pye, men, nen, bouch, kèlkeswa sa l ye a; yo va pran plas yo La. E yo va vin jwenn Mwen nan sezon yo.” O, la la!

Frè Alix 127-178

127 Men vrè filtrasyon tout peche mond lan, e lanmou pou mond lan mouri, e nanm sa ap pwize yon sèl bagay. Men li, piga...Sonje! Pa bliye sa. Nou tout laba ki nan telefòn yo, kite sa penetre nan panse nou. Lè yon nonm ki reflechi konmanse reflechi sou Sila li pral kanpe devan l lan, e kisa Pawòl Bondye a ye; lè li konmanse reflechi, alò lè l ap pwize nan Sa, pa gen anyen ki ka vin jwenn li ke Sentespri a.

Kisa sa ye? Se jèm lan, Pawòl semans lan depi nan konmansman an, ke ou te nan Bondye depi nan konmansman an, ou chita isi a ap pwize semans Lavi a. Semans lan nan kè w, pa predestinasyon. Alelouya! Semans lan deja la, pa presyans Bondye, predestine. E lè l ap pwize, li pa ka pwize okenn lòt bagay ke Pawòl la.

Epi sa se gou nonm ki reflechi a, nonm ki jis la, nonm sen ki wè Bib la, ke Jezikri se menm lan ayè ak pou toutan. Kisa k vin nan plas sa la? Pawòl sa, se sa ki nan kè a. “Mwen kache Pawòl Ou nan kè m, pou mwen pa peche kont Ou.”

Kisa sa ye, lè l ap pwize nan Pawòl la? Gen yon sèl bagay k ap pase atravè Pawòl la; se Sentespri a. Sa se sèl bagay ki ka pase atravè Pawòl la, se Sentespri a. Epi Filtè yon nonm ki reflechi bay yon nonm sen yon gou.

128 Alò, li te goute nan bagay yo ki sot nan Syèl la; li gen Pawòl Bondye a nan kè l. Li wè L manifeste devan je l, e tout nanm li anvlope Ladann, epi lemonn ak tout bagay ki ozalantou li mouri.

129 Filtè yon nonm ki reflechi, konsènan relijyon; e m ap panse a filtè relijyon kounye a. Lè Filtè yon nonm ki reflechi bay gou yon nonm sen, ou wè, Li satisfè gou li. Li wè ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Men li. Wè L aklè, k ap fè menm bagay Li te fè yo; sa satisfè gou nonm sen an, jan li panse.

130 Li konnen lè sa ke li pase de lanmò a Lavi. E li renmen, e--e--e li renmen ke mond lan...pou konfime, e li vle Pawòl la konfime epi demontre. Nan chak aj li tann Sa, paske li se yon nonm sen e li gen dezi pou wè Bondye. Lòt yo jis vle manm legliz. Nonm sa jis vle wè Bondye. Li pa wè L nan yon bann kredo. Li pa wè L nan gwo òg ak tiyo, oswa katedral, ak gwo kwa, oswa moun kiltive rafine ki voye kòl yo al sou dèyè. Li pa wè L nan teyoloji ni nan yon teyolojyen. Li wè L nan konfimasyon Pawòl Li.

Mwen wè Li nan dife kanpay Li yo.

Mwen wè ak je m glwa vini Seyè a;

Li foule anba pye L rekòlt rezen kote rezen kolè yo

estoke;

Li lage yon kout zeklè fatal ak epe tèrib epi rapid Li

a;

Verite Li a kontinye ap avanse. (Li va fè l, jouk nan

fen an. Wi, mesye.)

131 Nou wè sa m vle di? Yon Filtè, nonm...Oswa, Filtè yon nonm ki reflechi; yon nonm ki vle rete nan prezans Bondye. Kisa ki te Filtè Bondye? Pawòl Li. "Jou w va manje a, se jou sa w va mouri." Piga w okipe w de sa k ap pase laba; pigas w inyore Pawòl sa. "Lave ak dlo Pawòl la," Filtè yon nonm ki reflechi. Pa yon denominasyon, pa yon kredo, pa yon legliz, pa yon katedral; men Filtè yon nonm ki reflechi, paske se Pawòl la ki pral jije w. Yon nonm ki reflechi pral reflechi a sa. Yon nonm fou, oswa yon gou pou lemonn, va pran nenpòt bagay, yon ranplasan. Poukisa yon ranplasan alòske gen Youn ki vrè?

132 Reflechi, jis reflechi yon minit. Yon fanm k ap pale an lang, ak cheve l koupe epi wouj a lè li sou li, epi legliz kontinye ap di, ke sa se evidans Sentespri a.

133 Oswa yon predikatè ki sòti nan yon semèn oswa kèk lekòl Biblik, k ap itilize batèm trinitè, oswa k ap fè konpwomi ak Pawòl la, pou kèk kredo oswa denominasyon. Èske sa se filtè yon nonm ki reflechi? Pa janm m wè l la, frè. Se yon nonm ensanse k ap pwize nan sa. Se vre.

Èske nou ka imajine nou sa? Olye pou I itilize Pawòl Bondye a kòm yon Filtè pou nanm li; li lese vye ansyen kredo ak denominasyon sa fè pil sou tèt li konsa, olye pou I pran Pawòl Bondye a kòm yon Filtè. Epi alò li kontamine nèt, epi li kite yo mete anndan I doktrin moun, ak kèk zèv, “ki ta ka sedwi vrè Eli a,” e yo neglije Pawòl la.

Lè, li ta ka pwize bagay pou pwòp nanm li, si gen nenpòt bagay anndan I pou pwize I. Men si semans predestine sa...Piga nou rate sa. Si semans predestine sa pa anndan an la, li p ap pwize La a, paske li va pwize pou satisfè dezi li.

134 Si yon nonm k ap fimen ap chache gou yon nonm k ap fimen, epi li te pran yon bout bwa...M di: “Souse dwèt ou,” epi li kanpe la ap souse dwèt li. [Frè Branham ap souse dwèt li, pou ilistre--Editè a.]

135 Ebyen, li t ap di: “Sa ridikil.” Poukisa? Gou li se pou nikotin. Kifè, li pa yon nonm ki reflechi. Ou wè? Men ou va di: “Ebyen, mwen pa, m p ap goute anyen. M vle goute...M vle goute tabak. M pa goute anyen.”

136 Ba li yon pens pou rad epi kite I souse sa. Ou wè? Sèten, kite I souse sa. Li va di: “M pa pran okenn gou.” Poukisa w ap souse I, alò? Dezi ou se pou w goute nikotin.

E lè wa p goute kredo yon legliz, epi noumenm fanm yo nou kontinye ap koupe cheve nou, pentire figi nou, epi mete rad seksy sa yo; epi noumenm gason yo n ap gade yo, ak tout lòt bagay sa yo, epi konpòte nou jan n ap fè I la. Kisa sa ye? Kisa k anndan an la? Lemonn anndan an la ankò, epi ou pran yon gou. W ap tire sou bagay sa yo pou jwenn yon gou.

137 “M mache nan legliz sa; yo pa janm mansyone bagay sa. Yo pa di anyen sou si, anyen sou sa. Yo pa preche anyen sou bagay sa. Predikatè nou yo gen lespri pi laj ke sa. Nou pa di bagay konsa.” Kisa sa ye? Ou gen gou pou mond ke w ap souse a. Egzak!

138 Men yon fanm ki reflechi p ap pran jan de bagay sa. Li konnen li dwe sent. E sèl bagay ou ka pwize nan Pawòl Bondye a se Lespri, Pwisans vivifyant la pou fè Pawòl la Limenm, ki nan ou a, viv pou manifeste Jezikri nan laj w ap viv la. Alelouya! Frè, si sa pa Laverite, m pa konn kisa Laverite ye. M pèdi tèt mwen si sa se pa Laverite.

139 Se Pawòl la Limenm nan kè w, ki predestine la, k ap pwize. Epi li krache mond lan sot deyò; li pa vle I. Men lè I rive isi a la nan Pawòl la, li konmanse pwize. E lè li pwize nan Pawòl la, li pa ka lòt bagay ke Sentespri a ki pou vivifye Pawòl sa.

140 Alò Filtè yon nonm relijye ki reflechi se Pawòl la, epi li satisfè gou sen sa ki nan kè l; filtè yon nonm ki reflechi, gou yon nonm ki sen. O, la la, ala bèl sa nou ye ladann lan!

141 Olye I itilize Filtè Bondye pou nanm li, li kite Satan sedwi I avèk kèk denominasyon oswa kredo, jis egzakteman tankou konpayi tabak yo ap sedwi moun yo ki fimen sigarèt. Ou jis gen plis manm, epi se tou.

O, kite m tèmine nan kèk minit, antan m ap di sa.

142 Lawodise avèg! Kouman nou ka avèg konsa! Lawodise avèg, k ap kondwi avèg aj sa, avèk yon fo pretansyon, avèk fo kredo, avèk dògm ki fo, avèk denominasyon ki fo, avèk liv kredo ki fo. O, Lawodise avèg, k ap kondwi avèg, nou tout ap dirije nou nan twou a!

143 Chanje filtè w aswè a, predikatè. Piga w aspire nikotin denominasyonèl sa nan sistèm ou, ki gen dògm ak kredo, alòske Jezi di: “Nenpòt moun ki va ajoute yon sèl mo Ladann, oswa retire yon sèl Pawòl Ladann.” Lè w di asanble w se kòrèk pou fanm yo fè sa, pou mesye sa yo fè sa, ak tout bagay sa yo, sa ak lòt bagay; osi lontan yo rete fidèl a si epi yo fè sa, epi yo obsève kredo sa yo ak bagay sa yo, èske nou pa wont tèt nou?

“Farizyen avèg,” Jezi te di.

144 E kòm Jezi te kriye: “Farizyen avèg,” Sentespri a nan pwòp kè m aswè a kriye: “Lawodise avèg! Konbyen fwa Bondye ta vle ba ou yon revèy! Men kounye a tan w rive; se two ta kounye a. Kijan w te fè pase nan rizib epi ou te moke w de pèp Bondye te voye pou ou a! Men kounye a tan pa w rive. O, Etazini, Etazini, konbyen fwa ke Bondye ta renmen kouve w tankou yon--yon manman poul fè pou ti pousen I yo, men ou pa vle.” Bon Vwa sa ap vwayaje soti nan yon kot rive nan yon lòt, soti nan nò rive nan sid, soti nan lès rive nan lwès. Konbyen fwa Bondye ta renmen kouve w, men ou pa vle! Kounye a tan pa w rive.

145 Nasyon yo ap kraze. Mond lan ap efondre an myèt moso. Yon gwo blòk ki mezire demilkatsan kilomèt an longè epi katsankatreven a sisankarant kilomèt an lajè, pral koule desann, nan yon pwofondè de san...oswa petèt swasantsenk kilomèt nan gwo fay sa laba, youn nan jou sa yo, e vag yo va rive jouk nan Eta Kentucky. E lè sa va fèt, sa va sitèlman sekwe lemonn avèk vyolans opwen ke tout bagay ki sou li va souke.

146 O, kache m nan Woche dèzaj yo! Bondye, pèmèt mwen, pèmèt mwen. Soufle sou mwen, Seyè. Espri Bondye vivan an, soufle sou mwen. Pèmèt mwen pran Filtè Bondye a epi viv anba Sa, Seyè. Pèmèt mwen respire lè frè Sentespri a nan poumon m yo, nan nanm mwen chak jou, pou ke m pa peche kont Ou, O Seyè. Soufle sou mwen, Sentespri, soufle sou mwen! Mwen...

147 Kite m plante Pawòl Bondye a nan kè m, e ke m pran rezolisyon ladann pou m pa detounen m de Li ni a dwat ni a gòch, men mwen va viv fidèl anvè Li chak jou nan vi m. O

Papa Bondye, alò voye sou mwen Sentespri Lavi a, pou vivifye Pawòl sa yo pou mwen, pou ke m ka manifeste Jezikri devan sila yo ki devan mwen an, k ap tann pou sa akonpli. Se priyè mwen.

148 O, la la! Remake kijan yo aji jodi a nan legliz yo. Yo aspire moun yo atravè filtè denominasyonèl sa yo, nan konsèy ekimenik. Poukisa? Poukisa? Paske sa akonpli dezi kè yo, òganizasyon. Yo gen yon gou pou òganizasyon. Se sa yo va fè.

149 Chak fwa Bondye voye yon revèy pou yo, e, yomenm, kisa yo fè? Yo òganize l. Èske se sa? Kifè yo gen pwòp kalite filtè pa yo, paske yo gen yon gou elve. E kounye a Bondye pral ba yo dezi gou yo. Li pral ba yo...Y ap aspire yo drèt nan konsèy ekimenik la, epi y ap gen gou òganizasyonèl yo a lè sa. L ap vini pou yo.

150 O, legliz Lawodise, piga w sedwi nan aj sa, avèk sediksyon yo a. O, Pannkot, ou menm ki antre nan Lawodise, oumenm ki fè pati Lawodise, legliz ki mouri a; toupatou kay Metodis yo, Batis yo, epi Presbiteryen yo, jis nan yon fòm rityèl. Men noumenm Pannkotis yo ki kapab di “amèn” ankò detanzantan; ki ka jwe anpil mizik sou yon estrad, epi ki gen fanm ak cheve koupe k ap danse toupatou, e ki kwè ankò nan gerizon Divin; konbye fwa Bondye ta renmen pran w, men ou te pran yon lòt filtè, yon filtè denominasyonèl. Konbyen fwa Bondye ta renmen pran w!

151 Konbyen sa te sedwizan! Nan Matye 24:24, Jezi di ke...“li t ap sedwi vrè Eli a si l te posib.” Konbye ou rive pwòch, jis tankou Èv, ou jis kite sou kote youn oswa de ti bagay ke w pa vle resevwa, paske ou òganize e ou pa ka resevwa L. Se tout sa sa pran. Ou ta jis fè byen pran tout bagay la nèt, “Paske si w koupab de yon sèl bagay, se tankou w te koupab de tout bagay la nèt.” O!

152 Pannkot, Pannkot, fè panse w pase nan Filtè Bondye a, pa atravè revèy denominasyonèl ou yo, e ou va sòti avèk gou yon nonm sen, vrè Batèm Sentespri a.

153 Èske w ka imajine w yon nonm ki kite madanm li pote bout chòt, oswa mete pantalon, epi li di li pase atravè Filtè yon nonm ki reflechi? Èske w ka imajine w yon nonm k ap fè yon bagay konsa?

154 Èske w ka imajine w yon predikatè ki kanpe dèyè lachè, paske yo peye l byen nan yon asanble k ap bal ti tap nan do, k ap rele l “Doktè, Frè, Reveran,” epi ki mennen l nan tout kalite fèt kote yo fè sal de ben miks, ak tout lòt bagay, sou plaj yo; Èske w ka imajine w yon nonm konsa ki pretann ke li pase atravè Filtè yon nonm ki reflechi?

155 E kèk nan fanm sa yo sou estrad la, avèk wòb yo ki bay anwo jenou yo, epi ki taye sitèlman sere epi ki montre tout fòm yo, chak mouvman ke yo fè, e souvètman yo parèt atravè wòb yo; se jis osi grav ke pote bout chòt, bikini, oswa nenpòt lòt bagay. Noumenm Pannkotis, avèg, predikatè Lawodiseyen, jouk kilè pou Bondye sipòte nou, m pa konnen. Se pou nou...Ke Bondye gen mizerikòd pou ye avèg nou--nou yo. Li se pomad pou je aswè a, pou louvri je w, pou ke ou ka wè.

156 Kòm mwen te di maten an, nou lan aj je, sou anwo. Pa gen okenn fakilte ankò anwo sa, ke ou ka fè fè mouvman aleksteryè, pou konnen. Oumenm, avèk nen w, ou ka santi; avèk lèw ou yo, ou ka pale; avèk men w yo, ou ka touche epi sezi; epi avèk pye w, e latrize; men ou pa ka ale pi lwen ke je w yo.

157 Malachi 4 vini; je! "E va gen Limyè bò tan aswè a." O, mache nan Limyè a!

Wi nou va mache nan Limyè a, yon bèl Limyè,

Ki soti kote lawoze mizerikòd la ap briye;

Briye toutotou m lejou kon lannuit,

Jezi, Pawòl la, Limyè mond lan.

158 Wi, mesye. Pase atravè Li, o, frè, epi ou va sòti ak gou yon nonm sen, ak Sentespri a.

159 O, fanm, jis fè pase panse modèn ou an konsènan rad. Fè pase panse modèn ou an, anvan w sòti nan lari a devan gason; noumenm jèn fanm yo, noumenm fanm aje yo, anvan nou sòti nan lari a avèk rad nou sitèlman sere konsa, ki depase sou dèyè ak sou devan. M p ap kritike. M se frè w. M kanpe nan mitan vivan yo ak mò yo, e m reyalize sa m ap di. Anvan w sòti, e ou dwe konnen ke kò w se yon responsablite sakre, oswa yon depo sakre ke Bondye ba ou; anvan w sòti nan lari a, abiye konsa, fè pase panse w atravè Filtè yon fanm ki reflechi. E ke w sonje sa, ke, "Nenpòt moun ki gade w epi ki konvwate w, ou deja komèt adiltè avè l." Sonje sa, sè.

160 E, frè, anvan w tounen tèt ou pou w gade l, yon dezyèm fwa, fè pase panse w nan Filtè yon nonm ki reflechi. Ou va sòti avèk gou yon nonm sen, ou wè, pou fè sa ki byen.

161 Remake, si ou fè pase panse w atravè Filtè yon fanm ki reflechi, ou va sòti avèk rad yon fanm ki sent. Se vre. Ou va sòti, frè, avèk rega yon nonm sen. Bon, sa se yon bagay.

Tout bagay w ap fè, fè l pase atravè Filtè Pawòl Bondye a, pou wè si l byen oswa mal.

162 W ap sòti ak rad yon fanm sent, ki gen cheve long, ki abiye avèk desans; ki gen yon espri enb trankil; ki pa toujou ap boude epi nan kerèl, epi ap batay epi ap konpòte l mal. “Yon espri dou e trankil, ki se yon gran trezò ki sòti nan Bondye.” Bib la di sa.

Kounye a m vle mande nou yon bagay, noumenm ki lòt kote nan peyi a. Nou pral tèmine nan kèk minit.

163 Kounye annou tout, aswè a, egzamine dezi nou, e alò nou ka wè nan ki jan de filtè nou t ap pwize. Ann egzamine, nou chak, isi a e tout lòt kote nan peyi a. Egzamine dezi nou yo, kisa nou vrèman dezire nan lavi. Egzamine poukisa w ap goumen. Egzamine poukisa w isi ba. Egzamine poukisa w al legliz. Kisa k fè w...Se bon pou w ale legliz, men pa jis ale legliz sèlman; sa p ap sove w. Ou wè? Jis egzamine senpleman kèk minit, di: “Èske objektif mwen...Nan ki--ki jan de filtè m ap pwize, de tout fason?

E si ou pa an amoni ak Pawòl Bondye a, epi nanm ou pa fè l, alò gon bagay ki pa mache; paske sa montre gou ke w genyen, sa se vi...ki jan de vi ki nan ou. Si se youn ki sen, diskre, onorab, l ap sòti konsa. Si se pa sa, ou gen yon lòt gou nan ou ke w ap pwize ladann. Se egzakteman sa.

E si gou a se Pawòl Bondye a ak volonte Bondye, alò ou konnen sa k nan ou, sa k pwize gou sa. Sa montre ou se yon pati Pawòl sa. Pawòl sa nan ou, k ap pwize nan Pawòl la.

164 Kisa L ap pwize? L ap pwize atravè Pawòl la, paske ou se yon pati Kò Kris nan aj sa. E si Pawòl sa nan ou, Li ka sèlman pwize nan Pawòl la, Lespri a ki vivifye Pawòl la ki nan ou a. Jis Pawòl la sèlman p ap viv. Se pou rezon sa: “Tout sa Papa a ban Mwen ap vin jwenn Mwen; E si M elve anlè, M ap atire tout moun bò kote M.” Ou wè? Ou wè, “Papa a,” pati Kò Kris la ki nan lemonn, predestine, plase nan kè a.

165 Nenpòt moun ki yon reyèl Kreyen, ki ne de nouvo jodi a, konnen, depi lè l te ti moun, swa yon ti fi swa yon ti gason, selon ka a, ke te gen yon bagay nan ou ki te grangou pou Bondye. E ou te eseye vin manm yon legliz ak tout lòt bagay; sa pa t ap mache. Kisa sa te ye? Se te Pawòl la. Ou t ap chache yon Filtè. Epi yon jou Li te flache devan w; ou te wè Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Sa te satisfè gou a. Ou wè?

Paske te gen lavi nan ou, ki t ap pwize. Ou wè, lavi nan ou ap pwize. L ap--l ap di ki dezi ou gen isi a. W ap aspire. Ou pa ka aspire atravè *sesi*, *sela*, se lòt bò. Ou dwe jwenn bon Filtè a, paske ou se yon moun ki reflechi. Ou wè?

166 Si w se yon moun ki reflechi, ou predestine, ou filtre anvan...depi anvan fondasyon monn lan.

167 E si yon minis denominasyonèl tandè sa, mwen espere ke li va pran Filtè yon nonm ki reflechi, si l se yon minis denominasyonèl. Alò li va jete pakè denominasyonèl sa ki pral peri se sèten, paske se pawòl moun; e li va aksepte Pawòl filtre Bondye a ki pa ka janm fayi ni pase, e Li va satisfè gou yon nonm sen. E, tankou Jakòb, li va sakrifye tout mond lan ak apeti tout denominasyon oswa popilarite, ki gen nan mond lan, kote ou ka evèk, kadinal, menm si ou ka yon siveyan jenetral, oswa yon pastè oswa kèk gwo legliz. Ou va sakrifye tout sa ki genyen. Pa tankou Ezaou, pou vin fè pati mond lan; men tankou Jakòb, ou va bay tout sa w genyen pou w genyen dwa denès la, Filtè yon nonm ki reflechi; paske Li va ba ou gou yon nonm sen. E Li va satisfè. Se sa ki va satisfè, epi li va sanktifye ak yon gou Etènèl ki sòti nan bonte sent Bondye.

168 Sonje, Satan te fè premye twou a nan lespri Èv, oswa panse li, pou l te fè gou sajès li a ak konsepsyon li a pase atravè.

169 Kounye a panse a sa. M ap tèmine. Satan te pèse premye twou a atravè, paske tout sa li te ka pwize se Pawòl la. Se te Lespri a ki t ap pase atravè Pawòl Bondye a, paske li te di: “Osi lontan ke nou respire nan Filtè sa, nou p ap janm mouri; men si nou pran yon respirasyon nan sa *isi* a, nou va mouri.” Ou wè?

170 E Satan di: “Men ou pa konnen anyen *isi* a. Men pran yon ti gout nan sa *isi* a, e alò ou va konnen; ou va tankou Bondye. Ou wè, Li konnen byen ak mal; oumenm ou pa konnen. E si w jis pran yon ti gout nan sa.” E li te kite l fè yon twou ladann, jis yon sèl ti twou.

171 Bon nou wè poukisa m di...Nou va, "Poukisa w pa anseye fanm yo, elatriye, kouman pou yo resevwa don ak bagay konsa?"

172 M te reponn, “Kijan w ka fè anseye yo aljèb kan yo paka menm aprann ABC yo?”

Yon ti twou se tout sa sa pran. Li te pran sajès mond lan, e, kan sa te rive, sa te koze lanmò sou tout fanmi an antye, ak dezi goutte sajès.

173 Bon gade filtè a, e se sèten li eksprime gou li. Gou li se te pou lemond; se sa l te jwenn. Se sa li ye jodi a. Yo renmen lemond ak bagay lemond, ak pyete pou lafòm, men ap renye Pwisans lan. Ou wè, Satan va kite yo pale an lang; li va kite yo ap rele; li va kite yo gen sèvis gerizon Divin; li va kite yo fè tout jan de bagay sa yo.

174 Li di, “?Anpil va vin kote M jou sa, epi, ‘Seyè, èske m pat chase demon, èske m pat fè anpil bagay, fè *sesi*?’” Li va di, “M pat janm konnen w, ou menm ouvriye inikite.” Kan Pawòl la te plase drèt devan w ou te toujou ap souse vye filtè lemond sa, ou wè, sa montre gou ki te nan kè a.

175 Kolonb paka manje chawon y. Yo paka manje l. Yo pa gen ankenn bil. Yon kòbo ka manje semans tankou yon kolonb epi li ka manje chawon y tankou kobo, ou wè, paske li s on ipokrit. Men yon kolonb pa bati tankou nenpòt lòt zwazo, e se poutèt sa Bondye te reprezante Tèt Li kòm on Kolonb ki t ap desann sot nan Syèl. Ou wè? Li paka—li paka sipòte mozè odè chawon y lan. Li pa on votou; rezon an, sè ke li pa gen ankenn bil. Li patap ka dijere l. Sa t ap touye l, si l ta manje l.

E on kolonb pa janm oblije pran yon ben y. Kò on kolonb degaje lwil apati de lenteriyè, sa kenbe l pwòp. Se vi ki nan kolonb lan; li founi nan li yon lwil ki kenbe plim li yo pwòp . E se menm bagay la pou on Kreyen; ben on Vi anndan yo ki kenbe yo pwòp. Li filtre.

176 O, remake! Bon gade li...filtè a, e se sèten ou ka wè gou a, ak sa y ap fè jodi a.

177 Gade legliz modèn sa. Gade filtè yo. Ou ka wè kisa yo renmen. Wè kisa yo genyen. Lanmou, kisa yo renmen? Madam Lawodise ki ap dirije l kote Jijman Bondye. Se vre. Lanmou, lanmou legliz jodi a se pou Lawodise, yon gwo òganizasyon, yon gwo montaj, yon gwo bagay, popilè, moun byen abiye, trè trè kiltive, ranpli ak sajès, ranpli ak demon, anba sediksyon legliz de Kris. Gen yon sèl mo ki ta dwe aplike la, “anti-Kris.” Paske, tout sa Kris te anseye, yo kont tout pratikman; se vre, jis ase pou yo ka rele tèt yo sa.

178 Bon aswè a si w s on pèp ki panse, isit la ak deyò a nan tèritwa kote Mesa la prale, dezi ou va gou Bib la, pa gou denominasyon, paske ou va jije pa Bib la menm, Pawòl ke m ap mande w pou filtre nanm ou atravè Li a. Eitou rejte yon sèl Pawòl Ladann, pou w pa kite nanm ou pase atravè sèl Pawòl sa, yo va rejte w. “Paske lòm pa pral viv, respire, ak pen sèlman, men ak chak Pawòl ki soti nan bouch Bondye.”

179 Li va rive a oumenm, predestine. E lè Seyè a va soufle sou ou, Lespri Li va vivifye Pawòl sa pou vin yon reyalite, e ou va wè ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. O, la la!

180 Kite denominasyon mond lan, pake relijye. Kite l lonje tankou pake sigarèt sa a nan bwa yo. Kite l pouri epi dekonpoze. Se—s on move filtè. Epi pran Pawòl lan, ki se Kris, ki bay, epi rive jwenn, epi prezève gou Lavi Etènèl lan, pou chak moun k ap pran L, Lavi Etènèl.

181 Pawòl la, si w predestine, ou wè Li. Pa g okenn mwayen pou kache L pou ou. Ou gade la a epi di: “Pouki, Li jis sitèlman klè devan figi m! M ta gade L; men Li. M ap gade L dwat. M wè L. Men Li, Pawòl lan; chak Pawòl, jis ap viv, Pawòl pou Pawòl.” Apre sa g on gou Lavi Etènèl ke w vle.

E lè w pran souf nan Sa, kisa k ka vin nan Sa, Filtè Bondye? Anyen ke Lespri an; pa mond, ditou; pa enkredilite, ditou. Se Filtè Bondye. E lè w pran souf ou nan Sa, pa g anyen ki ka pase nan Sa ke Sentespri an.

182 Kounye a nou gen prèv Sentespri an, ou wè, gou yon nonm oswa yon fanm sen. Yo vle viv. Yo gen Lavi Ètènèl. E paske Pawòl sa a ravive pou yo, yo viv; Filtè yon nonm ki reflechi, ak gou yon nonm sen.

183 Pa pran mond lan, tankou konpayi sigarèt sa yo, anba yon twonpe, men pran vrè Filtè nonm ki reflechi an. Filtre souf ou respire an, manje ke w manje a, tout sa ke w ye; rale souf li nan Pawòl Bondye, e w ap gen gou yon nonm sen. Paske, L ap pwodwi sa, paske L se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

184 E m konnen, ke se sa n ye oswa ke n pa sa...M kwè ke se sa n ye. Men, si n pa sa, g on moun nan mond lan jodi a ki fè pati de Kò Kris lan; e Sa ap viv sèlman pa Pawòl Bondye an, chak Pawòl ki soti nan bouch Bondye pou laj sa a ke n ap viv ladann kounye a.

185 E m pa ka wè kote denominasyon...Pawòl sa yo sitèlman klè nan Bib lan, te di sa t ap rive, epi bagay ki tap la, e men n ap viv dwat nan li kounye a. M pa ka wè ki kote I te ka yon lòt bagay ke sa.

186 Legliz, m reyalize m dwe kanpe avè nou nan Jijman an yon jou. Ke sa rete lwen m pou m janm di anyen ki pa vrè, pou popilarite. M pa vle sa. Si m te gen dezi mwen, m tap, jis dezi imen mwen, m tap pran fizi m epi al nan bwa yo epi bati yon kabàn pou tèt mwen, epi chasè, rès vi m. M ap vin granmoun, fatigue, bouke, epi kraze, men m pa ka abandone. G on bagay nan mwen, k ap krabouye. Malè a mwenmenm si m pa di Laverite ak tout Laverite. Malè a mwenmenm si m pa kanpe isi an jouk dènye souf nan kò a kite m. M dwe kanpe, kèlkeswa sa nenpòt lòt moun di. M reskonsab devan Bondye.

187 E m kwè vrèman ke bagay ke n ap preche yo se Laverite. Pa paske se mwen k ap preche I. Non, frè m. Non, mesye. Bondye konn kè m. Ala m ta renmen chita nan asanble an epi koute wen an preche. Ala sa ta pi fasil anpil sou mwen, sètènman paske m tap gen Lavi Ètènèl menm jan ak nonm ki sou chè a. M fè pati de Li menm jan avè I. M ta pral nan menm Syèl I, gen menm avantaj yo. Ala sa tap fasil pou m chita la a epi pa pran tout blese sa yo, ak baton, ak move konpòtman. Ala sa tap fasil, paske deyò tout lannwit san dòmi, inè edmidtan, oswa dezè; ap goumen tout lannwit ak bagay ki vini. Ala fasil pou m fè sa, pran zam mwen nan demen, baton lapèch mwen, epi al fè lapèch oswa lachas! Ala sa tap fasil! Frè, se desten m. Ke Bondye ede m pou m pa janm kouri pou pòs travay mwen, men pou m kanpe ak lwayote epi fidèl, epi pwodwi ban nou Filtè yon nonm ki reflechi k ap ban nou gou yon nonm ki sen.

188 Filtè nonm ki relechi an se dlo yo, de dlo separasyon. Se pirifikasyon sot nan lepeche, ki se Pawòl Bondye a. E nonm ki reflechi an, nonm ki konnen li dwe kanpe devan Bondye, konnen li dwe reponn pou chak Pawòl nan Bib lan, Sa ap satisfè gou sa a ki nan kè w. Ke Bondye ede nou resevwa L, antan n koube tèt nou.

189 Chè Bondye, yon lòt inèdtan oswa dezè te pase. Revèy lan te deplase kounye a. Mesaj lan ale kounye a nan listwa, e L anrejistre nan Liv lan. Nou tout gen pou n reponn kounye a pou sa a, chak mouvman ke n te fè, chal pawòl ke n te di, chak panse ki t al nan lespri nou, anrejistreman an toujou ap jwe. E l ap kontinye jwe jouk lavi fini, e lè sa a n ap reponn nan Jou Jijman an.

190 O Bondye, gran Kreyatè syèl ak latè, ke n kwè nan Li, m priye pou moun sa yo nan jou sa a. M priye pou tèt pa m avè yo, ke Seyè Jezi, ke W ap kenbe Filtè W lan. E si m ap di nenpòt bagay ki sakrilèj, Seyè, mwen...nan kè m mwen pa konn sa. M priye ke si sa pa bon pou m pran Pawòl Ou epi sèvi ak on bagay kon sa, padone m pou sa.

191 Men, Seyè, m te panse lè W te pale avè m la a nan bwa yo, Ou konn lè a nan maten, se jis m pat ka retire l nan lespri m. M te asepte l tankou l vini sot nan Ou. Kidonk, Papa Bondye, m deja pale l. E m priye, Bondye, ke W kite l ye nan fason m te panse l ye, ke nonm ki reflechi an, nonm lan si l g on panse menm, l ap konnen li dwe kanpe nan Prezans Bondye, e l pap fè antre nan nanm li anyen ki kontamine oswa ki kontrè ak Pawòl Bondye a.

192 E, Papa, nou reyalize ke, kòm m te konpare l ak òganizasyon jodi sa yo; pa pou m diferan, Seyè. Ou pral jije m, yon jou, selon kè m. E m priye, Bondye, ke W ap wè ke se pat pou m diferan, men se te pou m onèt, pou m eseye sensè, nan reyalize m te kenbe sa ou te achte pa San Ou, de lès a lwès, kounye a menm, nan men mwen. E anpil nan yo te kwè Rapò an.

193 E, Bondye nan Syèl, ke pa gen youn nan yo ki pèdi. M reklame yo, chak grenn, epi kenbe devan yo Filtè a sot nan lepeche, Dlo separasyon yo, San Jezikri an, Pawòl ki fèt chè an. Akòde l, Seyè. E ke Sentespri an vide atravè chak pwomès, nan nanm nou. E ke nou se dè reprezantan vivan de Epouz Jezikri an, nan tan je yo, de wè nan Limyè aswè an, paske nou prezante l ba Ou nan Non Jezikri. Amèn.

194 Nou renmen Li? [Asanble di: “Amèn”—Editè a.] Nou kwè Sa? [“Amèn.”] Mwen, si m di nenpòt bagay ki pa vre, nan di: “filtè yon nonm ki reflechi,” m pa ka di anyen an plis. M pa g okenn edikasyon. M jis dwe di sa k vin jwenn mwen. E lè m te wè sa lonje la a, m te panse: “Al on liy ipokrizi!”

Epi Yon Bagay te di: “Jis tankou legliz lan.”

195 Filtè yon nonm ki reflechi! O la la! Gen plis pase sa ladan l. Yon nonm ki reflechi pa tap sèvi avè l ditou. Ou wè? Sètènman non. E l dezire gou yon nonm k ap fimen, se vre, paske l dwe genyen l pou satisfè gou li. Men yon vrè nonm ki reflechi, ki konnen nanm li pral nan Jijman, ap filtre gou li nan Pawòl Bondye a. “Paske tout sa Papa ban Mwen ap vin jwenn Mwen.” E l ap viv pa tout Pawòl ki sot nan bouch Bondye, ki se Dlo separasyon yo ki separe nou ak lepeche. Paske, lè l vini atravè Pawòl lan, nou wè ke se peche pou n pa kwè Li, kidonk nou jis kwè Li epi kontinye. S on separasyon ak lepeche. Nou renmen Li? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

Mwen renmen Li, mwen renmen...

Ann jis leve men nou kounye a ba Li.

Paske Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

196 Kisa L te di? “Sa tou lèzòm ap konnen nou se disip Mwen, lè nou renmen, gen lanmou youn pou lòt.” Kounye a nan bay yon moun lanmen pandan nou chante l ankò, epi di: “M renmen w, tou, frè.”

Mwen renmen Li, mwen...(Sa se pou kite nou konnen ke...)

...Li te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

197 Kounye a, nou renmen Filtè yon nonm ki reflechi? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Lè n al nan lari a pou fwote bra ak lemonn demen, frè, sè, èske n gen Filtè nonm ki reflechi a? Lè nonm sa a rele nou yon egzalte, èske n sèvi ak Filtè yon nonm ki reflechi? Lè moun sa a di yon bagay mal kont ou, èske w gen Filtè yon nonm ki reflechi? Ou wè, fè byen pou mal. Priye pou sila yo k ap sèvi avè w nan meprize, ak sila yo ki pèsekite w, lè sa a w ap pran souf nan Filtè nonm ki reflechi an.

198 Paske si n renmen sila yo ki jis renmen nou, kòm nou bay youn lòt lanmen, kòm dè byenneme nan Seyè an, se byen, men èske n ka renmen tou sila ke yo pa renmen an? Sa se Filtè nonm ki reflechi an. Sa se Lespri Kris nan nou, ap renmen sila yo ki pa renmen nou, lè sa a nou gen rekonpans Bondye an. Men, kounye a, si n fè l tankou yon devwa, nou toujou

pa gen nonm ki reflechi a...Nou sèlman monte nan dezyèm sik la. Men se nan kè nou nou renmen l vrèman, lè sa a n ap pran souf nan Filtè nonm ki reflechi a. E l satisfè gou yon nonm ki sen, ke n konnen, nan kè nou nou padone tout moun, tout bagay, sa pa enpòtan sa k te rive an. Èske L pa mèveye?

...te renmen m an premye

E te achte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

N ap mache nan Limyè a, S on bèl Limyè,

Li vin nan kote lawouze lagras yo klere;

Klere tout nan viwonn nou lajounen kou lannwit,

Jezi Limyè pou mond lan.

N ap mache nan Limyè sa a, S on Limyè ki sitèlman bèl;

E L vin nan kote gout filtre lagras yo klere;

O, klere tout nan viwonn nou lajounen kou lannwit,

Jezi, Limyè pou mond lan.

Vini, noumenm tout sen Limyè, ki pwoklame,

Jezi, Limyè pou mond lan;

Lè sa a klòch Syèl yo ap sonnen,

Jezi, Limyè pou mond lan.

O, n ap mache nan Limyè a, S on Limyè sitèlman bèl;

Li vin kote lawouze lagras yo klere;

O, klere nan tout viwonn nou lajounen kou lannwit,

Jezi, Limyè pou mond lan.

Nou renmen sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

O, n ap mache nan Limyè sa a, S on Limyè sitèlman bèl;

E Li vin kote lawouze lagras yo klere;

Klere nan tout viwonn nou lajounen kou lannwit,

Se Jezi, Limyè pou mond lan.

M jis renmen sa!

Lafwa m gade anwo ba Ou,

Oumenm Ayo Kalvè a,

O Sovè Diven;

Kounye a tande m pandan m ap priye,

Pran tout peche m...(Fitre m, Seyè, atravè Pawòl la .)

O kite m apati de jou sa a

Pou m pou Ou an antye!

Jis panse a sa, filtre nan Pawòl la, “pou Oumenm an antye.”

Pandan m ap mache nan labirent fènwa lavi an,

E chagren gaye nan viwonn mwen,

Se pou W Gid mwen;

Fè fènwa vire vin lajounen,

Efase krentif chagren an,

Nitou pa kite m janm ale lwen

Bò kote W.

[Frè Branham kòmanse ap fredone *Lafwa M Gade Anwo Ba Ou*—Editè a.]

...bay kè m k ap defayi,
Zèl mwen enspire;
O fè fènwa vire vin lajounen,
Epi siye dlo nan je chagren,
O kite m apati de jodi sa a
Pou m pou Ou an antye!

199 Chè Bondye, nou renmen chante ba Ou, paske se la a nou eksprime santiman nou yo, emosyon nou, tout asanble an, antan W ap voye souf Pawòl Lavi an sou nou. Nou sitèlman rekonesan, Seyè. E chante sa a, resevwa nou, èske W vle, Seyè? Se dezi nou, se pou nou filtre atravè Pawòl Bondye a, mache chak jou nan Limyè a, Limyè Levanjil lan.

E ranpli chimen nou chak jou ak lanmou,
Antan n ap mache ak Kolonm Selès la;
Kite n ale pou tout tan, ak on chante ak on souri,
Ranpli chimen nou chak jou ak lanmou.

200 Akòde I, Seyè. Beni nou ansanm kounye a. Kite gras ak mizèrikòd Ou avè nou. Geri malad ak aflije yo nan tout peyi an.

201 Nou di W mèsi pou Frè Coggings aswè a, ke W kite I kite lopital la, pou al lakay li anbyen. Mèsi pou tout bagay ke W te fè, ak pou pwòp fòs nou ke nou santi remonte kounye a.

202 Nou di W mèsi pou ti Mesaj aswè a ki rache, Seyè. M—m pat fè I byen, men m priye, Seyè, ke W ap fè I byen nan je moun yo, ke yo te ka wè epi konnen poukisa I te fèt. Pran glwa nan li, Seyè, e ke n gen konprann sa a, si anyen lòt, ke n dwe viv pa Pen Pawòl Bondye an, ki te filtre sot nan Bondye jis pou pitit Li yo sèlman. S on asanble ki separe. Se pa pou pyès lòt moun. Se sèlman pou sila yo, Sila W chwazi yo, menm jan dlo separasyon jenis wouj lan te pou asanble Izrayèl lan sèlman. Kidonk, Papa, nou konnen ke Pen an se pou Mouton an sèlman.

Jezi te di: “Sa pa kòrèk pou M pran pen timoun yo epi jete I bay chen yo.”

E fanm lan te tounen di: “Wi, Seyè, se vre, men m dispoze pou m pran myèt yo.”

E nou santi nou fason sa a aswè a, Seyè. Nou vle tout sa ke W ka ban nou, Papa, paske nou grangou e nou swaf pou plis nan Ou.

203 Akòde ke grangou nou yo ap jwenn satisfaksyon e ke yo vin konn dezi nou yo, paske, Papa, nou vle gen dezi yon nonm ki jis. E Nonm ki jis lan se te Jezikri, e dezi Li se te pou fè volonte Papa an, ki te Pawòl lan. Akòde nou li, Papa. Nou mande l nan Non Li. Amèn.

Ann kanpe kounye a pandan n ap chante chante pou n pati an, de, *Pran Non Jezi A Avèk Nou*.

204 Deyò atravè plas yo kounye a, nan kote Mesaj lan t ale aswè a, ke Bondye avè nou pandan n ap voye ale nan lapriyè kounye a. Ke chak grenn nan nou, deyò la a, m swete nou te pran plezi otan nan koute ke m te fè l nan pote L ban nou. E m konfyan ke Bondye ap plase L nan kè nou epi ban nou bon entèpretasyon an pou Li.

205 E noumenm moun yo isi a nan oditwa an ki gen mouchwa sa yo ki lonje isi a, m te poze men sou yo. M priye ke Bondye ap geri chak nan nou, pap gen okenn moun malad nan mitan nou, nou wè kijan Bondye nou an reponn lapriyè.

206 Lè n rasanble ansanm, "Moun ke yo rele pa Non Mwen va asanble tèt yo ansanm epi priye, lè sa a M ap tandè depi nan Syèl." Li te pwomèt pou fè sa.

207 Kidonk, nou pa separe. Nou jis yon sèl Moun; nou tout se youn, nan Kris Jezi. E chak moun ap priye pou chak moun; priye pou mwen menm jan m priye pou nou. E Bondye beni nou jouk nou wè nou ankò.

208 E m konfyan ke n ap on san rete...noumenm ki viv isi an toupre, n ap vin nan tabènak la epi vizite isi an ak bon pastè nou an, Frè Neville. L ap fè nou dibyen, Frè Mann ak moun debyen yo gen isi a nan tabènak lan.

209 Si nou toupre Frè Junior Jackson oswa kèk nan rès nan yo atravè peyi an, New York ak diferan plas kote yo gen reyinyon yo, nan Arizona ak Kalifòni, vizite legliz sa yo si nou lòt bò a. Nou priye ke n ap retounen ankò epi kite pastè a ede nou konn plis sou Seyè Jezi.

210 Bondye beni nou kounye a pandan n ap chante *Pran Non Jezi A Avèk Nou*.

...Non Jezi a avèk nou,

Pitit chagren ak malè;

L ap ban nou lajwa ak rekonfò,

(Kisa n pral...? L ap mete nou sou...?...)

...nou prale.

Presye Non (presye Non), O ala dous! (O ala dous!)

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

211 Nan gade asanble an aswè an, m ap wè Frè Estle Beeler dèyè la a, Frè Palmer, ak anpil, Frè J.T., ak sitèlman anpil nan minis yo ki kanpe nan viwonn isi a, m pa ka site tout non yo. Swete m te ka genyen nou, chak moun, anwo isi a, epi nou tout voye asanble an ale oswa f on bagay. Nou konprann, pa vre? M konnen nou g on kè Kreyen e konnen ke n dwe...kijan nou—kijan nou ye; ansanm nou se yon sèl Moun, nan Kris Jezi.

212 Kounye a ann sonje vèsè semèn k ap vini sa a antan n ap chante l, pandan Frè Martin nou an isi an ap voye nou ale nan lapriyè. E m vle...Sa se Frè Earl Martin ki sot, m kwè, ki sot nan Arkansas oswa—oswa Missouri. [Frè Earl Martin di: “Missouri.”—Editè a.] Missouri, dwat sou Arkansas la, liy Missouri la a. Yo g on legliz anba la a.

213 E m te remake lòt frè sa a ki sot anba la a, m pa ka panse a non l, Brewer. Li te isi an maten an. M imajine l toujou isi an aswè a. Ya, m wè l ki kanpe bò isi an, Frè Brewer. M te pwomèt pou m pase epi fè dedikas legliz yo, sitèlman anpil fwa. M ap rive la a on jou, pa èd Seyè a, jan m kapab.

Kounye a, pandan n ap chante pwochen vèsè sa a kounye a.

Nan Non Jezi a ap koube,

Tonbe tèt atè nan pye L,

Wa dè wa nan Syèl nape kouwone L

Lè vwayaj nou an fini.

Ann chante l kounye a.

Nan Non Jezi a ape koube,

Tonbe tèt atè nan pye L,

Wa dè wa nan Syèl nape kouwone L,

Lè vwayaj nou an fini.

Presye Non (presye Non), O ala dous! (O ala dous!)

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

O, pran Non Jezi a avèk nou,

Kòm yon bouklye pou tout pèlen; (koutè kounye a)

O, lè tantasyon sanble nan viwonn nou, (kisa n dwe fè?)

Jis bay souf Non sen Li nan priyè.

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

Ann koube tèt nou.

O presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl;

Presye Non (batize nan Li, priye nan Li), O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

Frè Martin. [Frè Martin priye—Editè a.]